НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ЙАЗДАРХОЙН СОЮЗ

**Хатуев Іабдулхьамид**

# БЕРИЙН ИРС

Соьлжа-ГІала
2022

УДК 84(2Рос=Чеч)6-5
ББК 8-1С2
Х 257

**Хатуев I.А.**
Берийн ирс. – Соьлжа-ГIала: АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2022. – 176 агIо.

ISBN

© Союз писателей ЧР, 2022

## *Берийн дуьне девзаш волу поэт*

Нохчийн халкъан йаздархочун Хатуев Іабдулхьамидан кхоллараллехь йоккха меттиг дІалоцу берашна лерина цо йазйинчу байташа, дийцарша, хьехамаша, кицанаша, аларша. Драматургин декъехь а бу цо берашна йазбина белхаш.

Шен дерриге а дахарехь Іабдулхьамид лехамашкахь вара, цо шен ойланаш, лаамаш исбаьхьаллин меттан гІоьнца бовзуьйтура шен йешархошна, ткъа и лехамаш дукхахьолахь нохчийн халкъан дІадаханчуьнца а, тахана долчуьнца а, кхана хиндолчуьнца а боьзна бара. Вайн кханенах аьлча, и хиндерг вайн кегийчеран, къоначеран чкъурах тешийна ду, иштта хилла гуттар а, вайл тІаьхьа а хир ду. Цундела бовхачу безамца, дог цІеначу забарца, даггара бечу хьехамца йаздина ду поэтан кегийчарна лерина долу хІора дош.

Хатуев Іабдулхьамидан берийн поэзин турпалхо тешна шен хиндолчух, цундела боху цо: «Со хиндолчух чІогІа теша// Лаьа суна Іамо, деша…» Ткъа и тешам вай, баккхийчара, бала безаш бу царна. ТІаккха кхуьу уьш дуьне довза лууш, «…говза доьшуш,//Лоьхуш, тешаш, // кхеташ. // Мел дерг хаар// КІезиг хеташ».

Берийн поэзехь Хатуев Іабдулхьамида коьрта тидам тІебохуьйту кегий долуш дуьйна берашна ненан мотт нийса бийца Іамор, Іаламца гергара уьйраш йолуш, къинхьегам жимачу хенахь дуьйна марзбар уггаре а коьртаниг хиларна. Масала, «Мотт хьайна хаахь…» цІе йолу забаре байт. Меттан говзанча ша хиларе терра,

берашна хьовха, вайна, баккхийчарна а, мехала хаамаш бо поэто, нохчийн маттах лаьцна дуьйцуш: «Дахка бу дIо Iуьргагахь кхойкхуш», – эли кIанта, гIалат доккхуш», – дешнашца дIайолийна и байт, дийнна дарс хуьлий, чекхйолу авторан.

«Кхойкхуш дахка хуьлуш бац// Иштта алар нийса дац. // ЛадогIал аш…», – олий, дIадоладо поэто берашца къамел: «…дахка цIийза, // Седа сега… ДогIа серса, //Мангал тусу…, Чов йу хьегIаш, // Ткъа сай – гIергIаш, //…Чан йижийта хьорсу хи. //Шовда доьдуш, //Серса и //…, – кхин дуккха а ду авторан мехала хьехамаш луш долу дешнаш.

Кхузахь гуш ду Хатуев Iабдулхьамид баккъал а волу ненан меттан говзанча хилар. И дерриге а нийса аларшший, йаздаршший ша далочу хенахь, гIалатваьллачу жимачу кIентан тидам ша бохучунна тIеберзош ву иза:

*«…Нийса алар декхар ду,*
*ТIаккха массо а кхетар ву.*
*Дешан маьIнин тидам бе,*
*Дош ма Iийша, кег ма де!»*

Нохчичун дахарехь ненан мотт мел доккхачу а. сийлахьчу а маьIнехь хилар гойту байт йерзочу дешнаша:

*«Вехар ву хьо лоруш, сийца,*
*Мотт хьайн хаахь хаза бийца!»*

«Кхайкхa соьга» цIе йолу байт кегийчарна йеша а, дагахь латто а аттачу маттахь йазйина хиларна, тайптайпанчу цхьаьнакхетаршкахь кест-кеста хеза бераша и дIайоьшуш:

*«Суна гIенах хIор а буса*
*ХьегIа Нохчийчоь.*
*Лекха лаьмнаш, сийна хьаннаш*
*Соьга кхойкхуш йу...»*

Берийн Iаламца йолу йукъаметтиг, Iаламан мехала хилар дийца оьшу аьлла ца хета, хIунда аьлча адамаша вовшийн сий-ларам барал сов, къаьсттина доккхачу маьIнехь ду вайн экам Iалам лардар, цуьнан бахархой: дийнаташ, сагалматаш, ораматаш, маьIданаш, латта, стигал Дала адамашна совгIатна йелла хиларна, царах шайна пайдаэца а, уьш ларйан а. Адаман дахарна мел оьшург вай Кхоьллинчо схьаделла хилча, цу совгIатан тIалам цабаро бохамечу жамIе дуьгур ду вай.

Хатуев Iабдулхьамида шен байташцца безам кхуллу берийн дегнашкахь кху латтахь а, стигалахь а мел дехаш долчуьнга, Iаламо кхиош, хаздеш долчуьнга. Ишт-та йу поэтан «ЭтмаьIиг», «Бекъа», «Вакъар-викъар», «Деха лергаш», «Зингат», «Полла», «Лом», кхийолу а байташ. Берашна лерина йу цуьнан пьесаш а, туьйранаш: «ПIелгийн дов», «Лулахой», «Дашо латта».

ХIокху книги йукъадахана баккхийчарна кхетош-кхиоран балхахь гIо хир долу йозанаш а.

Шеко йац, доккха похIма долчу поэтан Хатуев Iаб-дулхьамидан хIара книга къоначу йешархошна къаь-сттина пайден хирг хиларан.

***Арсанукаев Муса,***
***Нохчийн Республикин халкъан йаздархо***

## Нохчийчоь!

Кху дуьненан
Йеа маьIIехь
Дехаш дукха
Къаьмнаш ду.
Царна хаздеш
Нохчийн гIиллакх,
Дахар вайна
Сийлахь ду

Соьга хаттахь
Хийра гIалахь:
Хьо стенгара,
Мила ву?
Ду сан кура
Цаьрга ала:
Кавказера
Нохчи ву

Генахь вина,
Генахь кхиъна,
Панахь дуьххьара
Баккхархког,
Даймахкана
Генахь хиларх,
Нохчийн махкахь
Ду сан дог!

Самах-гIенах
Хьоь сатуьйсу,
Салам-маршал

Ло ас хьоь.
Кху дуьненахь
Тоьлла йуьйцу
Сан дай баьхна
Нохчийчоь.

Мел дIалеларх
Лаьттана гонах,
Хьо йиций̆ина,
Дехар дац.
Хьо ларйойла
Дала вуонах,
Хьо ца хилча,
Тхо а дац!

## Кхайкха соьга

Суна гIенах хIор а буса
ХьегIа Нохчийчоь.
Лекха лаьмнаш, сийна хьаннаш
Соьга кхойкхуш йу.

ТIома йолий, ойла йоьду
Сан са лаьттаче.
Йалсамане лаьттахь йелахь,
И сан махкахь йу.

Орцах хьерча сира дохк,
Кийрахь доьлу дилха дог.
Нанас санна, кхайкха соь,
Нохчийчоь!

*2004 шо*

## Сан Нохчийчоь

Сан Нохчийчоь – хаза туьйра,
Ирсе тIемаш хеца шуьйра,
Хьо тхан хьомсар нана йу,
Хьо ца хилча, тхо хIун йу?

Сан Нохчийчоь – лекха лам,
Ирсе деха маьрша къам.
Ахь массарна декъалахь
ГIиллакх-гIуллакх, ийман, йахь.

Сан Нохчийчоь – маьлхан нур,
Йалсаманин дашо хIур,
Дала декъалйойла хьо,
ТIаккха декъал хир ду тхо!

## Даймохк

*Дашина*

Хазалло Іадийна, айъина са,
Лаьтта со, Даймахке бІаьрг бетташ тийна:
Кхузахь ду сан дедай хьистина цІа,
Кхузахь сан бераллин ага техкийна.

Ирс лоьхуш, дІаэхарх мел гена шу,
Ма дицде неІсагІа хьомсарчу ненан.
Нана шен берашка сатуьйсуш йу,
ДоІанехь вай доьхуш массо а хенахь!

Нохчийчоь – хьан лаьмнаш аьнгалин,
Нохчийчоь – сан синан гаьнгали.
Хьан нуьро хазйина лела со,
Хьан сино йазйина лела со
Хьо соьца йу,
Со хьоьца йу.
Сан дозалла – хьо ду.

ХІай, Дела, декъалде бусалба къам!
Де доьхна, цхьа висча, орцахадала,
Саготта хьаьвзича, бан дагна там,
Балано шелвича, довха дош ала.

Дош ала дай хилар ду доккха ирс,
Дахалаш ийманехь, вовшийн деш реза.
Коьрта тІе йиллича хено шен йис,
Вай кхуза цкъа мацца цІа дерза деза.

## Ден дош

Лам баккха
Ницкъ боцуш,
Воьжча со орцахь.
ГIайгIа а
Йахйелча,
Ца йолуш чекх,
Хьо суна
Даима
Кхочура орцах,
Халонаш
Эшийна,
Дас битна некъ!

Бакъдолчун
Бакъволу
Накъост а хилла,
Къийсамна йелча,
Сан ойла нош,
Хьуьнаршна
ГIаттавеш,
Декна хьо хийла,
Мохк баккхал
Ницкъ болу,
Дас дитна дош!

Мел генахь
Леларх со,
Марзонаш хедош,
Ма-хуьллу
ЦIа доьхуш,

Сан акха са,
Боьлхучу кийрара
Узамаш ледош,
Ахь соьга
Кхайкхина
Дех дисна цIа!

Вуон-дика
Эдина,
Йоьдуш йу зама,
Богуш бу
Къонахчо
Латийна суй.
Харц дуьне
ДIататтий,
Стаг хила Iама
Бохуш, соь
Доьхуш бу
Дех бисна куй!

## Къонахчун цIе

*Джабраилна ларамца*

Хьо къовсам баьллачохь
Собарх ца ваьллехь,
ГIо доьхуш, мохь хезча,
Хьо орцахваьллехь,
Хьо гIертахь доггаха
Къинойх дIакъаста,
Буоберан гIийла дог
Ийманца хьаста,
Кхачор ву Дала хьо
Диканна тIе –
Иштта бен ца йоккху
Къонахчун цIе.

Ахь дуьне даларна,
Хестийнехь Дела,
Хьо хиллехь даима
Хьайн лаамийн эла,
Чехийнехь наб йоьху
Хьайн дегIан чалх,
Къийсинехь дахарехь
Нийсонан малх,
Кхачор ву Дала хьо
Диканна тIе –
Иштта бен ца йоккху
Къонахчун цIе.

Мехкарийн сий деш, ахь
Iийшинехь хало,

Баккхийчийн ларам беш,
Ца йинехь мало,
Ларйинехь цIераш хьайн
Эгначу дайн,
Ца битнехь дош ала
ХIу боьха лай,
Кхачор ву Дала хьо
Диканна тIе –
Иштта бен ца йоккху
Къонахчун цIе!

## БIаьргаш боьлху

Сан бIаьргаш боьлхуш бу тахна,
Сан ойла генна дIайахна.
ГIорийна сан пхенаш чохь
Сибарех эгначийн мохь.

Узамца кхайкхам бо цара:
Барт болуш шу дахахьара.
Беза бу марзонан мах,
Сийлахь бу Даймехкан малх.

Вай ларахь беллачийн синош,
Летор дац вай цкъа а къинош.
Сий делаш кхелхинчу дайн,
ТIаккхий бен нохчий дац вай!

Нохчийчоь, къонахийн латта!
Бохамехь, тIулг хилий, латта!
Нохчийчоь – бу хьуна хастам,
Нохчийчоь – тхан сийлахь къастам.

## Даймохк

Даймохк,
Дуй-те бераш хьан сел хьоме,
Тхуна хьо санна.
Даймохк,
Хьох ца довла лайна бала
Хууш ву Дела.

ХIор хьан чевнна
Дегнаш дилхина.
Хало лайна,
Амма гола тхо ца хIиттина.

Дахар,
Хьо бу тхан синкъерам ,
Даг чохь дека илли хьан.
Дахар,
ТIехIоттархь мел кхерам,
Iалашдо вай Дала.

Ирсах тешарца,
ЦIенчу безамца
Дуьненах ца дуьллу дог,
Хьо тхайна эшарна.

Дахар,
Бу тхан Далла хастам, тхо зуьйш,
Цо белла бала.
Декъалдеш,
Тхо дина къаста,
Вуонах цIандеш дегнаш.

Деза вай къийса,
Дикне сатийса,
Далла тIе боьду некъ
Чекхбоккхуш нийса.

## Дохковалар

Шовданаш декачохь,
Ламанаш лепачохь
Са дитна веана со
Хазачу Нохчийчохь.

Ас хьаьнга хIун ала,
Со хьанах дагавала?
Ас хьаьнга балхор бу
Кийрара сайн бала?

Со лаьмнех велира,
Воьрзур ву элира,
Даймахках волучул,
Со велла велара.

## Майралла

Майралло, гIаттавой,
Турпал во стаг.
Майралло, Iехавой,
Вожаво стаг,
Майралло тIаьхьенан
Ойла ца йо.
Майралло толам бен
Къаста ца бо.

Майралло нохчичун
Сий лардина,
Майралло мостагIчун
Дош къардина.
Майралла, хилла хьо
Къонахчун йахь,
Майралла, Iадабо
Осалнаш ахь.

Майралла, иллешкахь
Хьо йалхайо,
Майралла, нанойн бIаьрг
Ахь белхабо.
Майралла, башха ду
Хьан лепа сурт:
Хьуьнарна айъадеш
Сийлаллин чурт.

Майралла, тIамехь хьо
Онда герз ду.
Майралла, нохчашна

Хьо йелла йу!
Майралла, ма сиха
Амал йу хьан.
Майралла, сатухуш
Хьо хилахьа.

## Некъ дика белахь

Ламанца, аренца
Стаг дуьхьал кхетахь,
Ахь дов ма делахь.
Хаза дош алий,
Некъ дика белахь:
Хууш дац аш бийриг,
ТӀаьххьара некъ буйла,
Дуьненахь
Кхин цкъа а шу
Вовшийн гур дуйла!

*1970 шо*

## Дуьне доккха ду

Дуьне доккха,
Хаза ду.
Ане хьулйеш,
Заза ду.
Винчу лаьттан
ХIор а зезаг
Лардан деза!

ПетIаматаш
Лесташ ду,
Хаза бIаьсте
Хестош ду.
Винчу лаьттан
ХIора зезаг
Лардан деза!

Дагна хьоме
Вина мохк,
Бен дац хиларх
ДогIа, дохк.
Даг тIе долу
Массо зезаг
Лардан деза!

## Хьоме латта

Хьоме латта,
Бецаш сийна,
Ненан йуьхь тIехь
Догу нур.
Стигла кхийда
Лаьмнаш тийна:
Даг чохь лаьтта
Хьоме сурт.

**Аш латийна**
**Даг чохь суй,**
**Шу ца дицдан**
**Биъна дуй!**

Гена махкахь
Лелаш тилла,
Самадолу
Дашо гIан.
Йека лерехь,
Илли хилла,
Йинчу махкахь
Йаьхьна хан!

**Аш латийна**
**Даг чохь суй,**
**Шу ца дицдан**
**Биъна дуй!**

Хийра махкахь
Iалур доцуш,

Нене кхойкхуш,
Догу дог!
Ван йиш йац хьан,
Лар а йоцуш,
Бохуш, кхойкху
Вина мохк.

**Ахь латийна**
**Даг чохь суй,**
**Хьо ца бицбан**
**Биъна дуй!**

## Сийна туьйра

Диц ца ло исбаьхьа туьйра:
Дешица кхелина Iуьйре,
Хазйелла, кечйелла, тайна
Хьо йоьлуш жимачу сайна

Вай цхьаьна мел хаза Iийна,
Сан гIала – сан туьйра сийна,
ГIаттале малх, хьалагIуьттуш,
Эшначохь йуххе а хIуьттуш.

Хьо стигла кхевдар йу кхана,
Ахь тIемаш даржор ду ана.
Сан гIала, хьо хазлуш гуш,
Дегнаш ду тхан делалуш.
ГIоттур йай хьо-м, тхан гIала.

Хьан некъаш ма чIогIа аьгна,
Хьо йогуш, со хьоьца ваьгна.
Мел йеха хьо, вехар ву со.
Сан дахар, сан безам бу хьо

Ма Iийжа, сан деган чевнаш,
ГIовттуш йу Нохчийчохь бIаьвнаш,
Iама хьо царах тарйала,
Ларийир йу хьо Везчу Дала!

Хьо стигла кхевдар йу кхана,
Ахь тIемаш даржор ду ана,
Сан гIала, хьо хазлуш гуш,
Дегнаш ду тхан делалуш.
Йехар йай хьо-м, тхан гIала.

## Сих ма ло

Собарде, сих ма ло, къонах,
Ма хьеде сихаллехь дов.
Йист йоцу бIаьсте йу гонах,
ОьгIазло кIантехь ца тов.

ТIаьхьара алар:
ГIиллакх хилар
Сийлахь ду,
ГIиллакх стеган
ЦIийлахь ду.
ГIиллакх-гIуллакх,
Ийман дацахь,
Нохчи хила
Хала ду.

Жимачо воккханиг ойъуш,
Iалашдеш мехкарийн сий,
Сихалла собарца йойъуш,
Литтина нохчичун цIий.

Декийта шовданаш шийла.
Нохчийчоь – вайн бертахь цIа!
Лардина къонахчо хийла
Дала мел кхоьллина са.

Сазз-лаьттах схьадевлла синош,
Вайх мацца латта хир ду.
Осалчо летадарх къинош,
Къонахчо мел IаIор бу.

## Сатийсам

Iаьнан аре
Йижна, лепош
Дашо йис.
Керлачу шарахь
Лойла вайна
Керла ирс.
Керла шеран
Керла ло,
Массо бераш
Делало!
Ловза, къовса
Хелхар деш,
Массо адам
Декъалдеш!

Ма социйла
Вайн кхолламийн
Ирсан хьер.
Декъалхуьлда,
Кху дуьнен тIехь
Массо бер!
Керла шеран
Керла ло,
Массо бераш
Делало!
Ловза, къовса
Хелхар деш,
Массо адам
Декъалдеш!

Ма лагIлойла
Дикне болу
Вайн къийсам,
Кхочушхуьлда,
Вайн массеран
Сатийсам.
Керла шеран
Керла ло,
Массо бераш
Делало!
Ловза, къовса,
Хелхар деш,
Массо адам
Декъалдеш!

## Даймохк

Нохчийн латта,
Нохчийн мохк,
Даг чохь дека
Илли курра.
Бу хьан кIентий
Хьоьца токх,
Лалайеш мел
Шийла гIура!

Нохчийн иллин
Мукъам бу,
Дашо тIемаш
Уьйъуш шуьйра.
И вайн нанойн
Узам бу,
Ду бераллин
Сирла туьйра.

Хийра махкахь
Боккху ког,
Эха дезарх
Новкъа вехха.
Нохчийн аре,
Нохчийн дог,
Ду шу тхуна
Дешин меха!

Ломан басахь
Нохчийн малх
Суна даим

Хьоме хетта.
Хир бац цуьнга
Кхочуш мах,
И ца бан вайн
Даг чохь кхетта.

## СовгIат

Беркате Керлачу шарна
СовгIатна хIун ло ас шуна?
ДIаэца сан безам шайна,
Диллина ло санна, цIена.

Машаре Керлачу шарна
Безамна хIун ло ас шуна?
ДIаэца сатийсам шайна,
Иллешца, эшаршца ийна

Комаьрша Керлачу шарна
Йезийта хIун ло ас шуна?
ДIаэца дог-ойла шайна,
Сирлачу хьегамех йуьзна

Токхечу Керлачу шарна
Ирсана хIун ло ас шуна?
ДIаэца сан деган илли,
Хаийта шу дезаш хиллий.

## Дуьне доьлу

*Мансурана*

Дуьне марзло,
Бала базлой,
Моьтту, къилахь
Валар тоьлу...
Амма цIеххьаш,
Малхал хазлой,
Бераш доьлуш
Дуьне доьлу.

Зазадоккху
Лайлахь балло,
Кийрахь хилла
Бала бов,
Массо гонах
Вуонах тало,
ДегIе даьржа
Мерза ов

Белалойша,
БIаьргаш, бела.
Шу кхоьлича,
Стигал кхулу.
Муьлхха малик
Деладелча,
Цуьнца цхьаьна
Дуьне доьлу.

*2002 шо*

## Дикачу йоIе

*Амине*

Ма хьега
Хьо ирсах нехан,
БIаьстено
Хуьйцур ду Iа.
Ду хьуна
ЦIен дешин меха
Сел оьзда
ГIиллакхаш хьан.

Ахь лаккха
Айбалахь корта,
Хьол тайна
ЙоI карор йац.
Хазанаш
Баьржина шорта,
Диканаш
Карош а бац.

Мел сиха
Хийцало хенаш,
Ца хийца
Делла ду сий.
Бакъдина
Хьан сирла гIенаш,
Хьо йолчу
Кхочур ву и.

БIаьстенан
Зезагийн бешахь
Декар ду
Безаман зов…
КIад ма ло
Хьайн ирсах теша,
Дика йоI
Ийманехь тов.

## Ненах дош

*Ташаева Хьавана*

Дахаран хьегамо
ДIайигча со аьрха лела,
БIарлагIех Iехалой,
Цайолий, со цкъацкъа йоьлу.
Къа доцу сан ойла
Йуткъйелча догIанах Iана,
Шабаршца тийналлехь
Со Деле йоьху ахь, нана.

Къоьжачу лаьмнашкахь
Йуха а сенлуш йу бIаьсте.
Iаьржачу стигалахь
Къар ца лун вайн седа къаьста.
ЙоIера хаза дош
Ца хезаш, хьо йехха хьелахь,
Нана, со хьо йолчохь салаьтташ
Йуй хууш, Iелахь.

Ас хьоьга далхор ду
Цайаьлла хесто мел дезнарш.
ГIо лаца хьо йоцуш,
Бехк боцчу ойланехь лезнарш…
Харшо дIахьовзадарх
Шовдан хи шовданах кхета,
Йела а, йелха а хьо йолуш
Дозалла хета!

## Даго зазадоккху

*Іаднанна*

Гонах хьийзаш нах бу хийра,
Сийна цІе йу кхерсташ кийрахь.
Орцахвала, Везан Дела,
Со Даймахках ваьлла дела!

Синкъерамехь, доьлхуш, гІоттий,
Хьолах дуьзна той дІатоттий,
Сан дог доьду ломахь лела,
И сан Даймохк болу дела.

Дагна дарба шовда хилча,
БІаьргаш бузо лаьмнаш хилча,
Хетар вара маьрша эла,
И сан Даймохк болу дела.

БІаьргаш хьалха лаьтта хаза,
Шела хьулйеш, даьлла заза.
Сан даго а зазадоккху,
Ас Нохчийчоьн цІе мел йоккху.

Со ГІум-Азехь вина хиларх,
Беран шераш цигахь тиларх,
Лам чохь вина бохуш, лела,
И сан Даймохк болу дела.

Со, хан уьдуш, некъах тилахь,
Пана махкахь Іожал хилахь,
Ала суна лам чохь велла,
И сан Даймохк болу дела.

*2003 шо*

## Гуьйре

*Берсанов Русланна*

Хьоьжуш Iа со
Корах ара,
Шийла догIа
Тергалдеш.
Хьаша мукъна
ВагIахьара,
Латор йара
Нанас пеш.

Хаор вара
Хьаша баьрчче,
Цунна кхача
ХIоттабеш.
ЦIеро,
Хелхайуьйлуш
Кхерчахь,
Хьешан хабар
Къагадеш.

Коьртехь хьийза
Хаза ойла,
Сатийсамийн
Мерза кIур.
Амма гуш дац,
Йекош эвла,
Ловзуш хилла
Берийн сур.

Дерриг Iалам,
Хийцаделла,
Кхечу басе
Дирзина.
Iежех, хьаьмцех
ПаргIатдевлла,
Дитташ лаьтта
Дерзина.

Мохехь дерзан
ТулгIеш керча,
Къаьхьа-къемат
ХIоттийна.
Цициг шеллуш,
Когех хьерча,
Соьца ловза
КIордийна.

Алсамдовлу
Некъахь Iаьмнаш.
Стигал йоьлху,
Хиш IаIош.
Шек ца довлуш,
Лаьтта лаьмнаш,
Корта охьа
Ца таIош.

## Нохчийн лом

*Сайтиев Бувайсаран сийнна*

БIаьстенца аренгахь
Зезаг ду товш,
Ткъа бешахь – ношбелла стом.
Мел хало йазйаларх,
Собарца ловш,
Ламанца товш хуьлу лом!

Дикачу кIантах
Олу гIайракх,
Атта лов цо
Машар-тIом.
Маьлхе ойбуш
Нохчийн байракх,
Къар ма лолахь,
Нохчийн лом!

Къовсаршкахь, лом санна,
ГIаьттира хьо,
Кхерстира бIаьргашкахь суй.
ГIаьттира халонна
БIо ца къажо,
Хаьара хьо нохчи вуй!

Ахь эрна дIакхиссарх
Хьал, бахам, рицкъ
Ца йоккху къонахчун цIе.
Толамна ца тоьу

Беккъа цхьа ницкъ,
Хьан даг чохь ца йагахь цIе!

Хьан кийрахь догура
Даймехкан нур,
Кхерстара толаман суй.
Са кхачош, чIагIбелча
Къийсаман кIур,
Хаьара хьо нохчи вуй!

## Дада вогIу

*Исмаилов Iабдурахьманна безамца*

Дада вогIу
ГIала соьца.
Дадас массо
Йехнарг оьцу:
Машен, кема,
Месал кIеза.
Амма суна
Уьш ца йеза.
Боху дадас:
– Бехк ма леца.
Туькнахь хьайна
Йеззарг эца.
Харжа дикниг,
Вериг реза.
Амма суна
Кхиниг деза.
Доьху аса:
– Гатло са,
Вахийтахьа
Вайша цIа.
ДIалой лаьттахь
Боьхху мах,
Лохьа суна
Нохчийн малх!

*2003 шо, Бакох*

* * *

Борз йехкинчу буса винарг
Майра хир ву, олу.
Лунаш ловзуш, дуьне гинарг,
Каде хелхаволу.
Хаалаш, поэт вина хиллий –
Лам чохь декаш ненан илли.

## Горга дуьне

ХIара дуьне, буьрка санна,
Жима, хаза, горга ду,
Цундела и беро, доггах
Мийра бетташ, ловзош ду!

Ловза, жимниг, дуьне Iадош,
Ловзар кестта чекхдер ду.
Жималлех хьо даим хьегош,
Дуьнено хьо ловзор ду!

## Тамашийна барт

Цкъа уьш хуьлу карахь-марахь,
Бертахь лоций ирсан мукъ...
Жимма Іийна, цаьрга хьажахь,
ОьгІазйоьдий, туху букъ!

Йоьлу и шиъ, йоьдий гІад,
Йоьлху, хьаьж тІе хІоттош шад.
Малх кхоьлашшехь, доккху дов,
И схьакхетча – йуха тов!

Царах тера хилча нах,
Кхулур бацара цкъа а малх!

## Атта буу дуй

Хьо ма чIогIа къонах ву,
Ахь ма чIогIа деза детта:
Массо гонах вон нах бу,
Хьуна гора эггал лаьтта.

Ахь ма атта буу дуй,
Деле боцуш ларам.
Хоуьйтур ду и къа дуй,
Боккхуш кашна барам.

Ойъий нахал цIенойн тхов,
Тезетахь а бетташ мохь,
Мискачуьнга кхайкхош дов,
Бале волу цIинцIалг бохь!

Осал ваьхча, ларам бов,
Цунах кхета тIаьхьа!
Дуьхьалболу къинойн цIов,
Кошчу беъча лаьхьа,

## Аьхка

Аьхка лесташ
Таьллаш ду,
Аьхка цIийлуш
Баьллаш йу.

ЦIен бос богу
Горга Iежаш,
Ду гIаш йукъахь
Суна къежаш.

Мажлуш лаьтта
Бешахь кхораш,
Хаздеш цIийнан
Сирла кораш.

Некъа йистехь
Туьркаш хилла,
Хьечаш кхиъна
ТIе кIур билла.

Нанас бераш
Лоьху уьйтIахь,
Уьш дIатебба
Хьочан гаьн тIехь.

ЖIаьла гIерта
Ала нене:
Хьалахьажа
Хьочан гене.

## Аргун-гIала

Iуьйре – маьлхан,
Суьйре – дарин,
Органан хи
Техка дайн.
Седа баха
Стиглахь маре.
Аргун-гIалахь
Ирс ду вайн!

Маьждиг лаьтта,
ГIарол хилла,
Ларйеш дегнийн
ЦIеналла.
Ийман хестош,
Дека илли.
Аргун, хьо тхан –
Дозалла.

Вовшийн орцах
Бовлу гIалахь,
Белхи бека,
Ийъалуш.
Адмаш деха
Ирсе, бертахь,
Вовшийн лоруш,
СагIа луш!

Хьеший багIахь,
ГIалин сий деш,
ХIоттор ду вай

Царна той!
Уггар хазчу
ЙоьIан сийнна
Хохкуьйтур ду
Аьрха дой!

Аргун денна
Хазлуш йу,
Вайн дегнашна
Марзлуш йу.
Мохехь хелха-
дуьйлу талл,
Тоха тIараш,
Баккха бал!

## Ойла луъстуш

Корал арахь
Ло ду дуьллуш,
Оццул хаза,
Оццул кIайн.
Ойла дорцах
ТIемайуьйлуш,
Шерийн уьйриг
Луьсту сайн.

Со а вара
Корта Iаьржа,
Лоцур долуш
Маса лекъ!
Хьалха Iуьллуш
Бара, харжа,
ЖIарабуьйлуш,
Беха некъ

Аьтту агIор -
Даьхнийн бахам,
Аьрру агIор –
Девнан мукъ.
Нийса вахча,
Даим хорам
Латтош долчу
Денойн дукъ!

Со цу новкъахь,
Гуьнахь доцуш,
Хийла агIор

Листина.
Накъостех, хьов,
Махках ваьлла,
ГIортор йоцуш
Кхирстина…

Корал арахь
Ло ду дуьллуш,
Оццул хаза,
Оццул кIайн.
Ойла дорцах
ТIемайуьйлуш,
Шерийн уьйриг
Луьсту сайн.

*2004 шо*

## Марша ба Іаьнан мур

Дуьне хаздеш,
Тоьхна кир,
Ша тІехь йоккхуш,
Говза тир,
Массо дагна
Диэлар луш,
Керла шо ду
Долалуш.

Марша ба хьо,
Іаьнан мур,
Лайлахь лечкъа
Дашо нур.
Къахкаде тхох
Зулам-экха,
Дегнаш цІанде,
Йоккхуш мекха.

## Аьхке

Йовха йу арахь,
Коьртан хье кхеххош,
Хьацарна воьлла
Массо а кIур.
Йа мох ца хьокху,
Мархийн жут теххош,
Серлоно дIаоьцу
БIаьрсинан нур.

Когаш дIалета
Лелинчу некъах,
ЦIийдинчу хIаваэхь
Йаьржина тов.
Стигал йу йеса,
Стигал ца къекъа.
Йовхоно массарна
Йина шен чов.

Буто ша биначу
КIайн Iаьнах хьоьгуш,
Лелина ойланаш
ЦIа йоьрзуш йац.
Гуш йоцу цIе йаьлла,
Дуьне ду догуш.
Йа вала, йа вола
Меттиг а бац.

## Велакъажар

Велавелча, дов дIадолу,
Бода бодий, серлайолу,
БIаьргаш хазбеш, лепа нур,
Хаза хуьлу иштта сурт!

Велавелча, нанна тов,
Коьрта чуьра шайтIа дов!
Велавелча, хало йов,
Даг чу даьржа мерза ов!

Велавелча, ваша воьлу,
Цуьнца доггах шичой боьлу,
Цаьрца Iанайоьду йурт:
Хаза хуьлу иштта сурт!

## Нана цхьаммо хуьйцур йац

Вешин метта
Ваша волу,
Йишин метта
Йиша йолу,
Цхьа къахетарг
Орцахволий,
Ден метта а
Верас волу.
Нана цхьаммо хуьйцур йац,
Нана цхьаъ бен хуьлуш йац.

Хийла, кхоьлий,
ЙогІу Іуьйре,
Хийла, кхоьлий,
ЙогІу суьйре,
Дахар хетча
Ирча туьйра,
Хиэда йоьлча
Хьомсар уьйраш.
Нана цхьаммо хуьйцур йац,
Нана цхьаъ бен хуьлуш йац.

ГІайгІа йайъа,
Бала айба,
Кхайкхаза беъна
Бохам байбан,
Орцахдовла
Лаахь шуна,
Адмаш, лойша
Нана суна.

Нана цхьаммо хуьйцур йац,
Ненал сийлахь хIайкал дац.

*1985 шо*

## Вон дош

«Дешнаш ма кхиссалахь,
Чов йер ахь дашца», –
Нанас соь, хьехам беш, олура.
«Дош чIу-м бац, нана,
Кхоьссина Iодаца?» –
Олий, со цецволура.

КIон дашо вожий со,
Даг тIе чов йина.
Нана, хьо ма бакъ хиллера,
Вуон дешнаш тIулгаш ду,
Даг тIе хьовсийна.
Цунах ца кхетта со
ХотIе хиллера.

## Дашо кIажар

Синкъерам, кIежбахна, Iена,
Хезаш ду кIентийн: «ХIорс-тоъ».
Йаккхийша оьздачу ненан
Кху денна кхиийна йоI.

Вайнехан гIиллакхаш дендар,
ДоттагIий, вайн декхар ду.
Доггаха озабе пондар,
Вотане тасийта суй.

Оьздачу амалех Iемаш,
Дозаллех дузадай дог,
Нохчийн йоI, даржаде тIемаш,
ХIаваэхь шаршабеш ког.

Бакъо йу хьан ирсе йела,
Дуьнен тIе хьовзабеш тIам.
Хьан цIарах даьккхина илли
Боькъуш ду массарна там.

Дашо кIажар, дашо кIажар
Вайн мехкарийн хазна йу.
Тайна лелар, оьзда хьажар
Массо дагна хьоме ду.

## Гуьйре

*Берашна*

Шелйеллера Іуьйре, суьйре,
Буьйсанаш а йахйелла.
Дуьне макхдеш, йеа гуьйре,
Стигла гІаргІулеш йевлла.

Йуьрто буц а лергинера,
Басахь бина холанаш.
Мохо гІа-колл йадийнера,
Дехкаша до къоланаш.

Хьаг а делла, Іаьмнаш мийла
Олхазарш ца догІура.
Хьалхачул тхан йетт бу гІийла –
КІезиг лур йу цо шура.

Маьлхо, наггахь дуьне къагош,
Йохлуш йу моттуьйтура.
Наха, бошмашкахь гІаш дагош,
Боккха кІур оьккхуьйтура.

Шелйеллера Іуьйре, суьйре,
Буьйсанаш а йахйелла.
Дуьне макхдеш, йеа гуьйре,
Стигла гІаргІулеш йевлла.

*1992 шо*

## Зезаг

Ламанаш, аренаш хазйеш,
Ша кхиъна Даймехкан сийдеш,
Зезаг ду малха кIел хьекъаш,
Адмашца хазалла йоькъуш.

Мехкарий цецбевлла хьуьйсу,
Зезагца хазалла къуьйсу,
Безаман илланча хилий,
Декалахь, зезаган илли.

Кху лаьттан цхьана а маьIIехь
Вайн лаьттал хаза мохк бац-кха.
Шаьш девлла паналлехь лелаш,
Вай динчу мехкан сий делаш!

## Зезаг

*Хьехархочуьнга*

Ахь со дика кхиийна,
Массо вуонах ларйина.
Деша, йаздан Іамийна,
Оьзда гІиллакх марздина.

Ахь со йаха кечйина,
ГІо дан дена, нанина.
Делан дикнах тешийна –
Йиша хила вешина.

Дорцехь школе лихкина,
БІо ца къажош дахкарна.
Осал лелар дихкина,
Пайде хила махкана.

Ас хьо хийла тийжийна,
Сонта йолуш хьийзийна…
Йоккха хила гена дац,
Дина дика диц дийр дац.

## КIант

КIант вича,
Деллало
Ден йуьхь тIехь
БIаьстенан заза!
КIант вича,
Делало
Маьлха тIехь
Дашо нур хаза.

КIант вича,
Церг гучуйолу
Массеран
Гонаха,
ХIунда аьлча
КIантах бен
Ца волу
Бакъволу
Къонаха!

## Латабе малх

Хаза суьйре
Басайолу,
Малх дӀабузий,
Къайлаболу,
ЦӀенош, дитташ
Меллаша херло,
Ӏенош батто
Дато серло.

МаьркӀаж-хан
ТӀехтуьлуш лаьтта,
Чубирзина массо нах.
Беро нене
Кор-неӀ детта:
– Латабехьа
Йуха а малх!

## КIанте Ахьмаде

Геннара бевзаш бу
Вайн цIийнан кIур,
Мел дикчу наха
И шен хенахь биъна.
Йиш йу хьан мел лакха
Айбина кур,
Дош ала, хьо муха,
Хьо стенгахь кхиъна.

Хьо цкъа а дай бахьнехь
ХIуттур вац холча,
Мел дика кIант кхиарх,
И дайл ца тоьлу.
Ларлолахь узучух,
Лачкъочух, молучух,
И къинош доцчунна
Вайн Дела воьлу.

Цкъа мацца нислахь хьо
Беттачохь кад,
Хьал-бахам дош хетта,
Йаьллачохь цIе,
Ахь цаьрга къийлийта
Цу хуьскийн Iад.
Дешел а сийлахь йу
Ахь лелон цIе.

Ас хийла цIунлара
Ийбина нах,
Ларбина мехаша

Хьийзачу суйнал.
Амма хьан вешин бен
Бац хьуна мах.
Вуьш йуха а дIагIерта
Шаьш бинчу цIунла.

Хьуна ма мотталахь,
Со Iовдал ву,
Ас оццул йезаш
Хестайо къоьлла.
Массо а стешханиг
Са эшна ву,
Ткъа хьанал вехаш верг
Массарел тоьлла

*10 январь 2001 шо*

## Керла шо

Йуха а хьалнехьа
Дахаро бaьккхина арц!
Ойла йеш, совца вай
Лаамций, лаамзий
Гездинчу некъийн?
Мичахь бакъ толий ас,
Йа мичахь гIирти со харц?
Дикане кхевдинчохь
Безаршна муьлхачу
Стоьмийн хIу хьекъий?
Мел ду уьш –
Букъ техьа лайн хIуро
Хьулдина некъаш.
Йухаверза йиш йоцуш,
Сихвелла дагийна тIеш…
Йиш хилча дIайерзо
Хийланна ца йогIуш
Мел йина чевнаш.
Хийланна догцIена тахна
Марахьарча хилча сан йиш!
Дахаро кхетаво,
Замано йерзайо чевнаш.
Дийлинчу гIалатийн
Месаш тIе охьадуьллу сир.
Делахь а кху лаьттахь
Нийсоне кхийдар
Ирс хеташ,
Безамо, тешамо кхолу
Малхе сан хьажийна йир.
Керла шо…

Йуха а дикнехьа
Дахаро йаьккхина аьрша.
ХIун оьшу адамна,
Ирс долуш даха кху лаьттахь.
Хий, сискаллий, туьхий
Дайн кхерчахь йогу цIей.
Маьрша,
Маьлха кIел диканах хьаьгначу
Ойланца гIаттар.
Керла шо…
Лайначийн марзонца
Хиндолчун хьесапден мур,
Доьху ас, сих ма ло,
Шайн ширчу хьомсарех къаста.
Дийлинчу гIалатийн
Белш тIера бегабеш хIур,
Ма кхера, адамаш,
Диканна шайн дегнаш даста!

* * *

Когаша шарбинчу новкъа ма вала,
Лаьмнашкахь керла некъ баккха.
И хала ду алий, йуха ма вала.
Боьрша ву эр ду хьо тIаккха.

КIенташлахь кIордийна иллеш ма ала,
Дуьненна а цахезнарг даккха.
Йиш йац хьо цул тIаьхьа дагара вала,
Къонах ву эр ду хьо тIаккха.

## Курадовлалаш

Ламанхо!
Куравала ма гIорталахь,
Лаьмнашкахь некъ баьккхи аьлла,
ХIун хаьа, хьо кхана лахь,
Лаьттар бу и тIе буц а йаьлла.

Илланча!
Дош ала ма хIотталахь,
Хьайн илли тоьлуш ду аьлла,
Нахана мукъам ца безалахь,
Дуьненчу и эрна даьлла

ДоттагI!
Шайн новкъа нах боьлхуш гахь,
Шайн иллеш нахехь хазахь,
Ма луъу курадовлалаш,
Кураллех ма довлалаш!

## Къайле

Самукъне ду Дианица,
Цуьнца хан а сиха туьлу.
ДоттагІчуьнга къайлах дийца
Цуьнан даим хабар хуьлу!

Цунна хаьа йуьртахь мила,
Хьаьнга, хІунда маре йахна,
Мила велла, мила тилла,
Хьенан газа бердах йахна!

Мила, мичахь, хьаьнца, муха,
Чу йа ара вели хІунда?
Хьенан кетар хьан тІейуху.
Маца, хІунда кечйо мунда!

Самукъне ду Дианица,
Цуьнца хан а сиха туьлу.
ДоттагІчуьнга къайлах дийца
Цуьнан даим хабар хуьлу!

## Ма йе гIовгIа

Ма йе гIовгIа, Iейша Iад,
Дегабаъме баста шад.
Делалойша, шорбеш гуо,
ДогIуш ма ду Керла шо.

Лаца куьйгаш, дицдеш дов,
Ма де хабарш, забарш сов.
Ахь и ларахь, лору цо,
ДогIуш ма ду Керла шо.

Вовшашна диканиг деха,
Везчу Деле машар беха.
Дала, дехча, дика ло,
ДогIуш ма ду Керла шо.

# ТІом

Ма къаьхьа
Чам бу хьан, дов.
Дезачо хьо леладойла!
Къонах стаг
Девнехь ца тов,
Бехйина шен суьпа ойла!

Ма дІаьвше
Стом бу хьо, тІом.
Цхьаммо хьо
Кхайкха ма бойла!
Ахь кІезах тардо
Мел буьрса лом,
Лалайо мел болат ойла.

*2002 шо*

## Маьлхан хьоза

Маьлхан хьоза
Декаш ду,
Доза доцуш,
Ловзуш ду.
Хаза локху
Цо шен йиш.
И ца хилча,
Йац сан йиш:
И ца хилча,
Синтем буху,
Ойла йаьржий,
Дала туху.
Дуьне Делан
Къайле йу,
Ойла йина
ГӀишло йу.

## Мехкан зезаг

Йела лууш, йаха лууш,
Безаш арахь сийна бай,
Сайна дина дика хууш,
Со-м сайн дадин Iахар бай!

Ийман долуш, ислам лоруш,
Безаш хаза Даймохк сайн,
Нана йело илли олуш,
Со-м сайн нанин гуьзалг йай.

Дарцо къиза зезаг хьоьшуш,
Хазош геннахь узам байн,
Адам делахь сан гIо оьшуш,
Со-м орцаха кхочур йай!

Жима-воккха ларвеш вуонах,
Дикане туьллуш ирсе тIай,
Массо адам лоруш гонах,
Со-м сайн мехкан зезаг дай!

## Нана лойша

*Резидана*

Мохо лестош,
НеI тхан цIийза.
Нана цIахь йац,
Сан сахьийза!

Тайниг, басарш
КIордийна,
Йигийша со
Нанина.

Цхьаьнцце ловза
Дог ца догIу,
Арахьоьжу,
Нана йогIий.

Нана йоцчохь
Бода бу.
И сан даим
Даг чохь йу.

ЦIеххьана дегIах
Сан цIе йели…
– Сан хьомениг! –
Нанас эли.

Вовшахъхьерчаш,
Йоьлху тхойша.
Адамаш, суна
Нана лойша!

*1985 шо*

## Ненах илли

*Лолитина*

Хьозано бенахь ха хорцу,
Наб ца йеш, Iалашбо бен.
Бераша даьккхича орца,
Карайац, нана, хьо бен.

Хьан марахь мел ирсе хета,
ГIурано ца йо со шел.
Ког хецна, мерза наб кхета,
Хьомениг, хьан тIома кIел.

Сайн гIенаш, нана, ас доьшу,
ДоIанаш хьан диц ца луш.
Со тоьлча, хьо кура хьоьжу,
Оллало, со эшна гуш.

ТIемашца этIайеш ане,
Ас панахь лоьхур ду ирс.
Карор ду, кхайкхича нене,
Хилча и дуьхьала йист.

Илли сайн хьох лаьцна доккхуш,
Сацалац хиш бIаьргаш чохь,
ГIаргIулех115 бералле кхойкхуш,
Бетта ас, нана, хьоь мохь…

## Ненан аз

Цхьаъ ваха, барт тухуш,
Човхийна нана,
ГІийлачу пекъарна
Чекхдоккхуш ов.
Ткъа лерехь декаш ду:
– Сан дашо маргІал,
Некъ дика хуьлда хьан,
Ирс хуьлда сов!

Дикане кхачаза
Вирзи и цІехьа,
Йаьржинчу ойланийн
Бадийна пал.
Ненан аз йуха а
КІантана диэхьа:
– Нанина диса хьо,
Дашо маргІал!

## Ненан куьг

Бер доьлху,
Шен ненах тила а делла,
Йогучу беснеш тIехь
БIаьрхиша а тIеда,
Даггара зударий
Гонаха бевлла,
Эсала куьг хьоькхуш,
ГIерта и тедан.

Хийламмо хьаьсти и,
Довха дош олуш,
Хийламмо са айъа,
Йохье и даькхи...
Амма цо, жима буй
БIаьргаш чохь баллош,
Токх хилла,
Дуьззина са ца даькхи.

Ша Iаьччохь,
Хьажар а дуьйгIина лаьтта,
ЦIеххьана шен коьрте
Сиха ка хьуш,
Ненан куьг девзина,
Мара а кхетта,
Ша динчух хьаьрчира,
Белхар а туьйш.

Маржа йаI, ненан куьг –
Уггаре довха!
Массарел кIеданиг –
Уггаре ховха!

## Сан дог

Сан йеха оьмар йу,
Со йаха Іемар йу,
Диканах тешар йу,
Халонаш эшор йу.

Сан дагахь эшарш йу,
Сан дагахь иллеш ду,
ЦІа дина сан дагах,
Чохь дехаш адмаш ду.

ХІор а стаг илли ду,
Ткъа илли серло йу.
Серлонца йехар йу,
Боданца къуьйсур ду!

*2001 шо*

## Лаьа суна

Стигла доьлху
Некъаш дахка
Лаьа суна.
Малх хьулбина
Мархаш лахка
Лаьа суна.

Лаьа байъа
Сайн Даймахкахь
ТIеман кIур.
Лаьа къаго
Адамийн даг чохь
Маьлхан нур!

## Цхьа вац гонах

Цхьа вац гонах:
Стигал йаьсса,
ЦIанде вуонах
Дегнаш Iеса.
Ма бе бохам,
Бита нах.
Бита бага
Стиглахь малх.

Лаьттахь йита
Хаза лар:
Орцахвалар,
Доглазар.
Дикниг алар,
Тарвалар...
И хьоьхь дацахь,
Дог ду Iеса,
ДIасахьажахь:
Гонах – даьсса!

## Хожа-Ахьмаде

Хьан цIен тIе
Хьийзийла марзонан кIур!
Хьан кертах къеххкийла
Осала нах!

Хьан даг чохь мел лепа
Бусалба нур,
Диканна богийла
Нийсонан малх!

Хабарца йуттучохь
ХIайбара-гIала
Дешан са йиталахь
Нахана къийса.

Эвхьаза лелачух
Хьо йуьстахвала,
Новкъа а ма вала
И бацахь нийса.

* * *

*Мансуран лерина*

Стигал хаза,
Стигал лекха.
Йац сан цхьанне
Деца мекха
Дац сан цхьанне
Деца дов.
Иштта адам
Миччахь тов
Иштта массо
Ваха веза,
Хьорсуш гонах
Сирла безам,
Массо дена
Велалуш,
Корта ойббий,
Волалуш.
Массо дена
Оьшу со,
Делан дикнех
Теша со!

*11 май 2001 шо*

## ТIаьххьара горгали!

Iодикайойла, Iуьйренна
Школехь гIотту дашо малх.
Генахь йеъна суьйренна
Бевзар бу хьан мах

Iодикайойла классан у,
Куьйгех лета мел.
Лерехь даим декар ду
Хьехархойн къамел.

Iодикайойла, хьийзина
Iаьржа чIабанаш,
ТаIIош хьаьж тIе ийзийна
КIентийн лабанаш.

Iодикайойла жималлин
Йаьгна йаьлла цIе.
Марша да хьо, къоналлин
Ирсе, сирла де!

*25 май 2002 шо*

* * *

– ХIай, кхокхан кIорни, хьо тIемайаьлла,
Стенга дIакхочур йу аьлла?
– Нана йу соь хьоьжуш, са акхадаьлла,
Цуьнан дог оьцур ду аьлла,
Со новкъа йаьлла.

– ХIай, каде, бере, хьо новкъа ваьлла,
Стенга дIакхочур ву аьлла?
– Нана йу соь кхойкхуш, дог Iийжадаьлла,
Цундела, кийрахь цIе йаьлла,
Со орцахваьлла.

– ХIай, къоьжа поэт, ойлане ваьлла,
Хьанах байт йоккхур йу аьлла?
– Уггаре мерза дош ненах ду аьлла,
Дуьненахь нене уьш сел кIезиг аьлла,
Со ненан декхарех хIинца ца ваьлла.

## Хиндерг

Со хиндолчух
ЧІогІа теша.
Лаьа суна
Іамо, деша.
Лаьа дерриг
Дуьне довза,
Хила кхуьуш,
Хууш,
Говза,
Доьшуш,
Лоьхуш,
Тешаш,
Кхеташ…
Мел дерг
Хиъча,
КІезиг
Хеташ.

## Хьоза, хьоза…

Даго кхойкху:
– Хьоза, хьоза,
Хьо лелийла
ПаргIат, гIоза.

Стигал гезйеш,
ТIома хьовза,
Ломахь, арахь
Маршо йовза!

Боьлу мохк а,
Хьо тIехьовзахь.
Кийрахь дог а
Долу ловза!

Ахь со, шерийн
Дацдеш доза,
ТIемавоккху
Берех ловза!

## ТIаьххьара горгали

Малхехь догу,
Iежийн заза,
Коьртехь ойла,
Хьийза хаза.
Оццул тайна
Хазчу бIаьста
Хала ду хьох,
Школа, къаста.

Хьехархой, аш
Хьегна бала,
Лаьа шуна
Баркал ала,
Бераш кхиош,
Оьзда, маьрша,
Къежделла шун
Кортош Iаьржа.

Эрна дац аш
Дина некъаш,
Берийн даг чохь
Ийман хьекъош,
Орцах довлуш
Дика-вуонна,
Дегнаш ду шун
Даим къона.

Ду тхайн даг чохь
Оха кхобур
Аша делла
Хьекъал, собар,

Дебош гонах
Дикалла,
ГІертар ду шух
Тардала.

Марша Іойла,
Тхан хьоменаш,
Цхьаьна доьлуш,
Гур ду гІенаш,
Оха цкъа а шу
Дицдийр дац:
Шу ца хилча,
Тхо а дац.

Шун хьехамаш,
Илли хилла,
Бекар бу тхан
Лерехь хийла.
Ларбан аш
Латийна суй
Буу оха
Шуна дуй.

ХІокху тайна,
Хазчу бІаьста
Вай вовшаха
ДІасакъаьста.
Тхан метта кхин
Бераш лелаш,
Доьху, аш тхо
Диц ма делаш!

*2007 шо*

## Хьуна – хьекъал, суна – хьекъал!

Хьуна – хьекъал,
Суна – хьекъал!
Дог вуон дацахь,
Хир ву декъал.

Марша да хьо дуьнен тIе,
Керла шеран хаза де!
Воуниг генахь диталахь,
Дикниг тхуна декъалахь.

Хьуна – хьекъал,
Суна – хьекъал!
ТIаккха хир ву
Массо декъал.

## Шира шо

Хьо дIадоьдуш,
Шира шо,
ГIайгIа-бала
Ахь дIахьуо.
Ахь дIабаккха
ТIеман кIур,
ПаргIатдаккха
Маьлхан нур.

Ахь дIадига
Кеманаш,
Адмаш дайъа
Iеминарш.
Адмийн цIенош
Ма лелхийта,
Кегий бераш
Ма делхийта.

Тхуна деза
Керла шо,
Керла ойла,
Керла ло,
ЦIена стигал,
Сирла малх,
Ирсе боьлуш
Дика нах!

## Лом

Хьуьнхахь баьлла
Буьрса тIом,
Имам даьлла
ЦIоькъа лом.

Отуш, дурйеш
Массо бат,
Лоьмо бохий
Хьуьнхахь барт.

Цо акхарой
Iадийна,
Доккха дуьне
Гатдина.

Гонах даржош
Iаьржа ун,
Йассий лоьмо
Зевне хьун.

ДIасадедда
Гавур тIаккха,
Лоьхуш экха
Дакъаздаккха.

Цхьа ца висча,
Хьебан тIом,
Ша-шен цIокех
Лета лом!

## Хьоза

– Хьоза, алахь,
Десара,
Хьуна йаьлла
Стенгара
Оццул жимчу
Деган цуьрг,
Хьерайаьлла,
Йетташ муьрг?!

## Берийн ирс

Сирла Іуьйре,
Шийла Іуьйре,
Дитташ тІера
Оьгу хІур,
Деъна кхечи
Іаьнан туьйра,
Лайлахь догу
Маьлхан нур.

Ийман, ислам,
Дика ойла
Вай массарна
Дала лойла!
ГІиллакх лойла,
Лойла ирс.
Йакъайойла
Вуонан йис!

Ша тІехь хьерча,
Берийн оьла.
Хазахетар–
БІаьргаш чохь.
Бераш ловзу,
Бераш доьлу,
Хазахуьлу
Нохчийчохь.

Ийман, ислам,
Дика ойла
Вай массарна

Дала лойла!
ГӀиллакх лойла,
Лойла ирс.
Йакъайойла
Вуонан йис!

Ӏа ду шийла,
Ӏа ду дера:
Мега лергаш
ГӀорадан,
Амма лайнах
Шу ма кхера:
Кхера, бераш,
Вуониг дан.

Ийман, ислам,
Дика ойла
Вай массарна
Дала лойла!
ГӀиллакх лойла,
Лойла ирс.
Йакъайойла
Вуонан йис!

* * *

**А**ла догIу Ахьмаде:
– **Хь**айгахь ца товриг ма де,
**М**аьлхал сирла хила гIорта,
**А**йъа нахана хьалха корта –
**Д**ала дика лур ду шорта.

* * *

**М**охехь месаш ловзайеш,
**И**рсе бIаьргаш белабеш,
**Л**аа лелий хьо?
**А**хь массо а велаво,
**Н**овкъа вогIург эла во –
**А**лун суй бу хьо.

*18 октябрь 2001 шо*

## ПIелгийн дов

Куьйган пIелгийн
Къовсамбаьлла,
Коьрта муьлхарниг
Бу аьлла.
– Бу со Нана,
Боккха бу.
Со аш лара
Декхар ду.
Товш бу вайна
Йукъахь барт:
Ларде дош шайн,
Ларйе бат...
Йукъахдоккхуш
Вешин “бур-р”,
Хьажо пIелго
ГIаттий кIур:
– Ас ма гойту
Шуна некъ.
Къонах бу со,
Дацарх мекх!
Ас хьажийнчу
Новкъа долхахь,
Дезар дац шун
ЧIеIа, делха...
– Со бу лекха,
Коьртаниг, –
Эвхьазбели
Йуккъерниг:
– Со аш лара
Шинне агIор,

ТIаккха эхьо
Дац шу дагор.
Вашас ваша
Ларван веза,
Веше безам
Хила беза...
– Хьо дIасаца
Ийман доцург! –
Девне бели-кх
Шен цIейоцург:
– Сан беш аша
Аьтто бац,
Иштта дехой
Оьшуш бац!
Сайн ирс лохур
Ду ас цхьалха,
Атта дууш
Дуьне маьлхан!
Вай вовшашна
Неслахь дац,
Цхьа а цхьанне
Декхар вац!
ХIора пIелго
Йетташ муьрг,
Лазадаьлла
Дерриг куьг.
– Со лазийна,
Шу деш лаза, –
Дош хазийна
ПIелго цIаза. –
Со массарел
Жима бу,

Делахь а вайн
Цхьа орам бу!
Со ца хилча,
Шу а дац,
ТIаккха ницкъ вайн
Хир ма бац!
Шуна хаахь
Вай цхьаъ дуй,
Балур бу вайх
Онда буй!

## Полла

Полла, айъий, тоха
И кІайн тІемаш дарин,
Сатийсира оха
ХьошалгІа хьо баре.

Хьо мел болчохь йолу,
Сийна-сийна бІаьсте,
Дуьне ловзадолу,
Ирсо дегнаш хьостий!

Лаьа суна полла
Сайн даг чу хьожийла.
Ирсо хаза заза
Сайн даг чохь хоьцийла!

Полла, айъий, тоха
И кІайн тІемаш дарин,
Сатийсира оха
ХьошалгІа хьо баре.

## Пхьид

Пхьид йу Iам чохь
Сагатдеш,
Стигла хьоьжуш,
Ойла йеш.
Сенчу стиглахь
Некадеш,
Къилбе йоьлху
ГIаргIулеш.

Пхьид ша йолччохь
Кхийсало,
Лекхчу эрзах
Тийсало,
Кхойкху иза,
ГIерташ ала:
– Суна лаьа
ТIемайала!

## Керла ло

Хаза аре,
Сирла де.
Чимаш оьгу
Коьрта тIе.
Беснеш, йогуш,
ЦIийелла,
Бераш ша тIе
Сихделла.
Абу чохь
Ца сацало,
Абу гух
Чухахкало.
Гунан лакхе
Йолу чекх:
Цициг доду,
Хадош некъ,
Абу вужу,
Олуш: «ВIай»!
Хаза хуьлу
Йуьртахь Iай!

## Берийн забарш

Хьуьнхахь гина
Дирша газа,
Ву со хIинца а
Меттаваза!
Тохаделла
Кийрахь дог!
Ша тIехь шерши
Сан ши ког.
ГIенах дийзи
Ор чу вала,
Самах гIерта
Хьалавала!
Лаьа суна
ТIемавала!
Хилла суна
Хоттах бала.
Бира ас сайн
ДегIах хIоз,
Гича сайна
Бешахь борз!
Эрна йека йоьлча
Къиг,
Ластий аса цунна
Диг!
Муха йийр йу
ТIулгех бIаьвнаш,
Боцуш хьостам,
Йоцуш жIаьвнаш?
Эли Доккас
ТIаьххьар: "БIов!"

Ша-шен коьртах
Тоьхча жIов.
КIанта, чIогIа
Тоьхна мийра,
Лазабаьккхи
Чуьркан кийра.
Арахь хьаьшча
Шишан тIус,
Лазабели
Коьртан кIус...
Ца кхоссало
Соьга туй:
Мерах чIогIа
Кхетта буй!
КIожам хилла,
Беги куй,
Забар йеш,
Ас тесча суй!
Тоьур, доттагI,
Вижна Iилла,
Аравала –
Комарш хилла!
ГIуллакх хуьлу
ЧIогIа тиша,
Леташ хилча
Хьох хьайн йиша!
Коьртах тоьхна
Деса тас,
Буьрса жIаьла
Эший ас.
Хьалаваьлча, йаа балл,
Хии, дуй и лекха талл.

ЦIеххьаш къеги пешахь нур,
ТIаккха бели хечех кIур.
КIанта эли чIогIа "ваI",
Хьаьшча, ша тIехиъна баI.

* * *

БІаьсте йаьлча,
Арадаьлла,
Бай тІехь ловзуш
Эса ду.

Жима полла,
Курабаьлла,
Шен коч гайта
ГІерташ бу.

Хаза зезаг
Мохехь леста,
Малх бу боьлуш
Дуьненна.

Иштта дика
Іуьйре еъча,
Къинтердовла
Массарна.

*1992 шо*

## Іаьнан туьйра

Лайн чимаш хьийзаш ду,
Полларчий санна.
КІаййелла анайист
Дахкарлахь йайн,
Бераш ду, хи тІера
Ша хехкар тайна,
Ца кхоош салазаш
Йа мачаш шайн.

Духарца воьттина,
Жима кІант воьлу,
Ша тІе и лайлахь
Ца кхачало.
Эххара ойла йо:
«Кхузахь Іар тоьлу».
Ша волччохь лайн баба
Йан волало.

Важа ву, месалчу
Лай тІе а воьжна,
Лайн чимаш схьалехьош,
ГІаттийна бат.
Нанна го и – корах
Ара а хьаьжна,
Мохь бетта цо, хьаьж тІе
ХІоттийна шад.

Бераша вовшашна
Межиргаш кхуьйсу,
Шин декъе декъало

Кегийчийн сур.
Мел вахарх бIаьргашна
Дуьхьала туьйсу,
Дагчуьра ца долу
Бераллин сурт.

## Бекъа

Когаш Iуьйра,
Мачаш йоцуш,
Корта хьулбан
Куй а боцуш,
Шарбал йоцуш,
Доьхка доцуш,
Меже лачкъо
Чоа доцуш,
Йерзина цIена,
Цхьалха, йеккъа
Гира суна
Арахь бекъа.
– Нана, хIумма а
Йоцуш тIехь,
Цунна-м ма
Ца хета эхь!

## Аьхка арахь

Малх схьахьаьжча,
Йовха аьхка
Арахь ловзуш
Бераш ду.
ТIараш детташ,
Хелхарш деш,
Ларьтта комарш
Эгайеш.
Маьхьарий
Хьоькхуш,
Кхиссалуш,
ДIасаидарх
КIад ца луш,
Бераш ловзу
ГIовгIане,
Оццул чIогIа
Самукъне.
Эшарш лоькхуш
Цхьа кIант ву,
Цунна гонах
Бераш ду.
Илли царна
Хазделла,
Уьш, ладоьгIуш,
Цецбевлла.
КIанта пондар
Бекабо,
Доггах Даймохк
Хестабо.

## Ас ча лаьцна

– Ас ча лаьцна!
– Лалла схьа!
– И ца йогIу
Цига дIа!
– Делахь, вадий,
Вола хьо!
– Ца воуьйту
Чено со!

## СтелаIад

СтелаIад,
СтелаIад,
Хьовзаде хьайн
Горга Iад.

Хазде дашо
Басарш хьайн,
Сийна, можа,
Боьмаш, кIайн!

Тилла сирла,
Мохехь дайн
Стигала довла
Лекха тIай!

ТIаккха-м бераш
Доьлур дай –
Шадерш: Iаьржа,
Можа, кIайн!

## ЭтмаьIиг

ЭтмаьIиг,
ЭтмаьIиг,
Йац хьо йоцуш,
Кертан маьIиг.

Арабаккха
Корта хьайн,
Гайта суна
МаIаш кIайн.

Лур ду хьуна
Бецан хелиг,
Безахь, лур бу
Шекар-бIелиг.

Хьаша веъча,
Хьо дIайай-кха:
Арайала
Йа чукхайкха!

## Стелахаьштиг

Стигал буьрса
Къекъаш йу,
Стелахаьштиг
Детташ ду.

Бераш, соне
ДІа а тебба,
Корах ара –
хьуьйсуш ду.

Серло йолу,
Бода булу,
Йаххьаш йоьлу,
Йаххьаш кхулу.

ЧІагІлуш угІу
Арахь мох,
Іуьно кетІахь
Бетта мохь.

Цхьанна-м тІаьхьа
ЖІаьла лета.
Бодашкахь цхьаъ
Тебаш хета.

Хилларг, лайнарг
Дагатуьйсу,
Іаржлуш лаьтта
ТІеман буьйса.

## Вакъар-викъар

Iа дIадели,
БIаьсте йели,
Iома тIера
Ша дIабели.

Пхьидаш, хиллачух
Ца кхетта,
Йуьйли Iам чохь
Вовшийн хетта:

– Вакъар-викъар,
Ва-къа-ра!
Вай Iай лайнарг
ХIун дара?

## Вота

Туьркаш, Iежаш
Оьгуш ду,
ЦIенойн пенаш
Дегош ду.
Арахь москал,
Инзарйаьлла,
Стигал хьала
Хьоьжуш йу.
ГIаз йу лаьтташ,
Раз а йаьлла,
Кхерайелла,
Эгош йу.
Арахь нах
Цецбуьйлуш бу,
Йекхна стигал
Къекъаш йу?
Дац и стиглахь,
Лаьттахь ду –
Вота йетташ
БIотIа ву.

## ГIо

– Мансур, цигахь
Хьо хIун деш ву?
– Сайн вешина
Со гIо деш ву.

– Алал тIаккха,
И хIун деш ву?
– Суна уллохь
Вижна Iаш ву.

## Цхьаьна йоьлу

Ши Амина цхьаьна лела,
Цхьаьна йоьлху, цхьаьна йоьлу...
БIобех цхьаьний кхерало,
Вовшех са а къерало.

## Мукадахка

ЦIенойн бух
Тхан аьхкина.
Бераш хьовса
Даьхкина.
Мила ву и
Буса вогIург,
Къайлах-къулах
Iуьргаш дохург?
Массо цунах
Кхоьруш  ву,
Ца хууш
И мила ву.
Амма пису
Майрадаьлла,
Шордеш, Iуьрг
И ахкадаьлла.
КIордадаллалц,
Бух цо охку,
ТIаккха къайлах
Тебба Ia…
Ца дан иза
Балхах къахка,
Ца даьхьа тхо
СадаIа.
Тхан бIаьргаш чохь
Дажал ву –
Массо вада
Кечлуш ву.
Корта Iуьрга
Боьллина,

Цициг дуьйли
Йуха а ахка.
Матас орца
Даьккхина:
– Леци писус
Мукадахка!
Массо бераш
Майрадовлу,
Шаьш кхерарна
Дохкодовлу.

## Зингат

Дийнахь сарралц
Арахь, малхехь
Жима зингат
Болх беш ду,
Дургал хьерчош,
Буьртиг керчош,
Iаьнна рицкъа
Гулдеш ду.
Арайала,
Iаьржа чхьаьвриг,
Мало ма йе,
Жуккар, ахь.
Ирсе веха шен
Болх бийриг,
Нахала волу,
Вижна Iахь.
Зингат, зингат,
Хьайн болх бе,
Тхо къахьега
Iамаде.

## Мерза барт

Зингат арахь,
Шелехь ду.
Зингат чIогIа
Болх беш ду.
Дохьу чемхалг,
Берцан буьртиг.
Массара а
Лору зингат.

Такха ца луш,
Дисча цхьалха,
Массо цунна
Орцахлелха.
ГIовгIа ца йеш,
Къовлий бат…
Бу зингатийн
Мерза барт.

## Меца БIотIа

БIотIа Iуьйрре
Самавели,
– Худар схьада! –
Нене эли.
Беъна, хIоттий
Боккха кад.
Хударх ди цо
Делан Iад.
ТIаккха йии
Курзанаш,
Хингалш,
Далнаш,
Гарзанаш,
КIалда-берам,
ХIунин маж…
«Барзо» даарх
Бира жарж!
ТIаккха эли,
КIамдеш гай:
– ХIума маца
Йуу вай?

# Цициг

*Миланина*

Цициг ду тхан  уьйтIахь дехаш,
Можа бIаьргаш, сира мекхаш.
Со ларйеш, и цхьалха лела,
Гучуйаьлча, бIаьргаш боьлу.

Долу иза суна гонах,
Ларйан гIерташ санна вуонах.
Хьесталуш, и марахьерча,
Хазахетий, бай тIехь керча.

Доьду тхойша бешахь ловза,
Писус буьрка хоьхкуш говза,
МIараш туьйсуш, цергаш йухкуш,
Саца бахарх, ла ца дугIуш.

ЦIеххьаш буьрка къайлайолу,
Лергахь потт йеш, тата долу.
Писус даккхий синош доху,
Ира мIараш къайлайоху.

Пису ду сан когех хьерчаш,
ОьгIазе со йело гIерташ,
Аса боху, хIумма а дац-кх,
ДоттагI ду сан, буьрка йац-кх.

*2005 шо*

## Моз

Дадас деъна
Суна моз,
Ас дIахIоттий
УьйтIахь хIоз.

Со моз сиха
Дууш ву,
Гонах гуллуш
Мозий ду.

МогIа богIу
Цаьпцалгийн,
Сихчу, цIечу
Зингатийн.

ТIомадаьлла
Деъна цIоз,
Массарна а
Деза моз.

Йуьхь а цIийлой,
Хуьйцуш бос,
Со дIавоьду
Хехка хIоз!

* * *

Нанас доьху
ЙоIе шен:
– Йеза пхьегIаш
Ма хьейе.
Хаза коч хьайн
Ма йе тиш,
Ма леладе
Арахь хиш,
Схьа ма эца
Нехан тайниг,
ДIа ма кхосса
Арахь хьайниг,
Нанас дов дахь,
ЧIикъ ма баккха.
Дика йоI йу,
Эр ду тIаккха.

* * *

Нанас туьйра дуьйцу,
Йухь тIехь бIаьрхиш соьцу.
Со йу даим цуьнца,
И йу даим соьца.

Нана лайла аьлла,
Ахь со хIунда хьаьсти?!
Суна-м малх дIабаьлла,
Суна-м йеги бIаьсте.

*25 июль 2001 шо*

## Цициггий, шурий

Шурех йуьзна кхийра кхаба
Сарралц ларйеш цициг ду,
ТIаргIа къажбеш, къена баба
Мекара цициг чехош йу.

Арахь цхьаммо кхойкху бабе,
Далхадо до цо бабин эса.
Цхьаьний дисна писуй, кхабий –
ХIинца-м йу и дикка йаьсса.

## Мотт хьайна хаахь...

– Дахка бу
ДІо Іуьргахь
Кхойкхуш,–
Эли кІанта,
ГІалат доккхуш.
Кхойкхуш дахка
Хуьлуш бац,
Иштта алар
Нийса дац.
ЛадогІал аша:
Дахка цІийза,
Седа сега,
ДІаьндарг хьийза,
АйгІар терса,
ДогІа серса.
Мангал тусу,
Ткъа йетт узу.
Нийса алар
Декхар ду,
ТІаккха массо
Кхетар ву.
Дешан маьІнин
Тидам бе,
Дош ма Іийша,
Кег ма де!
Дарц ду тийжаш,
Чов йу Іийжаш,
Борз йу угІуш,
Гур бу бугІуш.
Котам йека,

Нур-бос лега.
Деши къега,
ГІа-буц йега.
Эшар локху,
Илли олу.
НІаьна кхойкху,
Набарх волу.
Чов йу хьегІаш,
Ткъа сай гІергІаш.
Кийрахь даго
Дикниг хьоьху,
Ша мацделча,
Бежан Іоьху.
Чан йижийта,
Хьорсу хи.
Шовда доьдуш,
Серса и.
Малх схьакхета,
ЖІаьла лета.
Стигал къекъа,
Ткъа бер текъа.
Вуьшта аьлча,
ЧІеІа и.
ТІаргІа хьешахь,
ЛоьІу и.
Бод мустбелча,
Шорлой, севса,
Наб марзйелча,
Корта тхьевса.
Ахьар лоцу,
Йуьхь-чоьш морцу.
Цициг теба,

Ткъа нур лепа.
Буса арахь
ЧагIалкх йоьлху.
Хаддаза Iенахь,
ДогIа доьлху.
Москал йолахь,
Мотт шен лебан,
Цунах олу
Иза чIеба.
Вехар ву хьо,
Лоруш, сийца,
Мотт хьайн хаахь
Хаза бийца!

## ХIетал-металш

**Цициг:**

Кетар йу сан
Месала ховха,
Йу и хаза,
Йу и йовха.
Лергаш ду сан
Ирдина,
Хьаьрса мекхаш
Дахдина.
Хьанна хаьа
Сан цIе йаккха?
СовгIат лур ду
Цунна тIаккха!

**Лергайахар:**
Олу суна
«Лергаш деха»,
Со, массарах
Кхоьруш, йеха.
Коьллаш йукъахь
Хазахь тата,
Даго чIогIа
Йетта вота.
Со массарах
Лечкъаш йу.
Мичахь йу со,
Мила йу?

**Борз:**
Йу со сира,
Йу со буьрса.
Со ца кхоьру
Тоьпах, уьрсах.
Можа бІаьргаш
Къерзабеш,
Хотеш, коьллаш
Кегаеш,
Арайолу
Талла буса.
Хаий шуна
Мила йу со?

## НIаьна-кIорни

*(Туьйра)*

Малхо къагош,
Серлабаьлча
Ломан бохь,
Вижнарг гIаттош,
НIаьно бетта
Йуьртахь мохь:

– ХьалагIовта,
Арадовла
Массо нах!
ДIасахьовса,
Ца го шуна
Дашо малх?

Iуьйрре гIаттахь,
Шала бехка
Даца жий,
ВижнаIачуьн,
Наха ца до
Пусар, сий!

Салам делла,
Декъалдахь аш,
ГIотту де,
Ирсе кхийдаш,
Йогур йу шун
Кхерчахь цIе!

Iуьйранна кхойкху
НIаьна-кIорни,

Суьйранна кхойкху
НІаьна-кІорни,
Шен собар дац бохуш,
Кхин хабар дац бохуш,
Ма леррина кхойкху
НІаьна-кІорни!

Малхбалехь лаьмнаш
ЦІийделла,
Набарха кІотар
Йиційелла.
Ма карзахйаьлла
НІаьна-кІорни,
Ма гІарайаьлла
НІаьна-кІорни!

Дуьйлало, боху
НІаьна-кІорнис,
Делало, боху
НІаьна-кІорнис.

– Мила ву арахь
Мохь беттарг?
Сел хьалхе нехан
Ков деттарг?
Сацае йиш хьайн,
НІаьна-кІорни!
Бита нах бийша,
НІаьна-кІорни!

Карзахйалла,
Кхойкху нІаьна
ІуьІ-Іа-ре!

Кхочур йу со
Массо нехан
НеІаре!
Вижна Іийриг
ГІатто, декош
Лергахь зов,
Деттар ду ас
ДІакъевлина
Массо ков!

Йурт дІайуьжу,
Лерг ца ухьуш,
Хорций ха:
Дела гІо хьо,
НІаьна-кІорни,
Бердаха!
ДІачІабахьа,
Йека зІок хьайн
Сацайай!
Йала гІерта
Оццул хазчу
Коьртах хьайн!
Хьежарх хІун ду
Лома тІехьа
Дашо малх?
ГІовтарх хІун ду
Ламазашна
Суьпа нах?
Цхьанхьа гІур бац
Белхаш, дезарш,
Декхараш,
Даим хир ду
Асарш, басарш

ГIуллакхаш.
Амма аьрха
НIаьна-кIорни
Къар ца ло,
Керта буьххьехь
Цо шен кхайкхар
ЛагI ца до:
– Самадовла,
ХьалагIовта,
Малончаш!
Шуьга хьоьжу
Тесна дитна
ГIуллакхаш.
Меца дисна
Вахин кIеза
УгIуш ду,
Мусас шортта
Дечиг даккха
Дезаш ду.
Седа, йала
ЦIе сихонца
Латайай,
Йаха, олла
ЦIер тIе боккха,
Чуьйнан йай!

Iуьйранна кхойкху
НIаьна-кIорни,
Суьйранна кхойкху
НIаьна-кIорни.
Ша коьртах йаккха бохуш,
Ша йай чу кхосса бохуш,

Ма лерина кхойкху
НІаьна-кІорни!

Малхбалехь лаьмнаш
ЦІийделла,
Набарна бераш
ЧІагІделла,
Уьш самадовла
Лууш дац,
Мотт-гІайба царна
КІордош дац!
ІуьІ-Іа-ре,
ІуьІ-Іа-Іаре,
ГІовтта
Малх гІаттале!
Ма хьалхе кхойкху
НІаьна-кІорни,
Ма доггах кхойкху
НІаьна-кІорни.
НеІ елла, боху
НІаьна-кІорнис,
Делало, боху
НІаьна-кІорнис.
ІуьІ-Іа-ре,
ІуьІ-Іа-ре,
Шу ма хьежа
Сатасаре!

Мила ву арахь
Мохь беттарг?
Сел эвхьаза
Нехан ков деттарг?

Сацае йиш хьайн
НIаьна-кIорни,
Бита нах бийша
НIаьна-кIорни!
IуьI-Iа-ре,
IуьI-Iа-ре!
Со йен гIерташ
Шу дарий?
Ас сайн эшар
Сацор йац,
Шуьга нIаьна
Къарлур йац!

**Дарбелла йуьртахой Майданахь кхиэл йан гулло. Цара, кар-караоьцуш, бехке йо НIаьна-кIорни, шаьш дийша ца дуьту бохуш:**

– БоргIал буса
Йуьжуш йац,
БоргIал хенахь
ГIоттуш йац,
Цо тхо дийша
Дуьтуш дац,
Цо лелориг
ЛартIехь дац!

– Алал, коьртах
Йоккхучохь,
Беттар буй ахь
Эрна мохь?!
– ГIиттор буй ахь
Маьрша нах,
Хедош церан

Борах мах!?
– Дацде эрна
Хабарш шайн,
Кхехкаш бу вайн
Горга йай!
– Нийса кхел вайн
ДIайерзош,
Лол цу нIаьне
ТIаьххьар дош!
– Шу тешар дац
Ас мел чIогIа
Баарх дуй,
Хаьа суна,
Шуьца къийсар
Эрна дуй.
Со, мел лаахь
Йа ца лаахь,
БоргIал йу,
Iуьйре йеъна,
Аьлла кхайкха,
Декхар йу.
Со ца кхайкхарх,
Хьалабер бу
Ломахь малх.
Ас ца гIитторх,
Самабевр бу
Набарх нах.

**Йуьртахойн йуха а маьхьарий довлу:**

– Кхарза!
– Йатта!
– Кхехкае!

– ДIаьвше зIок
Аш цу
Къамкъарган
Сацайе!
– Зуламе некъаш
Хаьржина,
НIаьна-кIорнеш
Йаьржина.
Баьккхийчаьрца
Къийсало,
ГIиллакх хьоьшуш,
Кхийсало!
– ХIора дашах
Тийсало!
Iаьржа маIрел
Кегий йу,
ТIарамаIIал
Iовдал йу.
– Йаьсса йу!
– Iеса йу!
– Гайта гIерта
Доцу хьекъал,
– Хир йац копарш
Абдехь хьекъал.
– Оьшу кхузахь
Нийса кхиэл,
Iовдал корта
Боккхуш пиэл!

## НIаьна-кIорни, тIемаш детташ, карарайала гIерта

– Йоьду шуна!
– Ма йахийта!

– Дуьхьал довла,
ТӀейахийта!

**Серлонехь гуш цхьа НӀаьна-кӀорни бен йац.**
**Цунна гонах хьийза Маьлхан нур.**

– Ӏаьржа бода,
Маьлхан нур!
– Хьо ма кхера,
Ду со нур!
Хьуна гӀо дан
Къагийна,
Маьлхо орцах
Хьажийна.
Хьо ма йоха,
Мал ма ло,
Корта айбий,
Къар ма ло!
ХӀинцца и нах
Боьлхур бу,
Кхайкха бохуш,
Доьхур ду.
Йовр йу церан
Луьралла,
НӀаьнехь товш йу
Куралла.

**Кхерабелла, Ӏадийча санна,**
**гучудовлу кхелахойн гӀаларташ:**

– Малх, малх
Хьажийта,
Дуьне

Серладалийта!
Стенгахь
Ду шу,
Iовдал нах?
Хьан дIабайъи
Стиглахь
Малх?
– Мохь ма хьекха,
Собар де,
ХIара ду-кх и
Къематде.
– Адмаш тхуна
Орцахдовла!
Ма Iе дийший,
Самадовла!
– Саьрмак бац и,
Лестош кхес?
Мичахь йу сан
Мачаш, пес?
Схьало, хьенех,
Нехан Iаса,
ЦIехьа довда
Массо маса.
– Хьо хIун докъа тIе
Воьдуш ву?
Дуьне ма-дду
Бодаш бу!
– НIаьна-кIорни
Лаха йеза,
Цуьнга кхайкха
Ала деза,
ТIаккха Iуьйре
ЙогIур йу,

Вай кху балех
Дохур ду.

**Массо НІаьна-кІорнега деха боьлху:**

Іуьйранна кхойкху
НІаьна-кІорни,
Суьйранна кхойкху
НІаьна-кІорни,
Шен собар дац бохуш,
Кхин хабар дац бохуш,
Ма лерина кхойкху
НІаьна-кІорни!

Малхабалехь лаьмнаш
ЦІийделла,
Набарха кІотар
Йицйелла.
Ма карзахйаьлла
НІаьна-кІорни,
Ма гІарайаьлла
НІаьна-кІорни!

Дуьйлало, боху
НІаьна-кІорнис.
Делало, боху
НІаьна-кІорнис.

Беркат хуьлда
Хьоьца шорта,
Дашо хуьлда
Хаза корта!
Ахьа ма тайна

Локху йиш,
Хьо ца хилча
Йац тхан йиш!
Хьо тхан йоккха
Эла йу,
Хьо йоцуш
Тхо делла ду!

**Керта буьххьехь гучуйолу НIаьна-кIорни:**

Аса шуьга
Бехира,
Лергах мехий
Дехира:
Со ца кхайкхарх,
Хьалабер бу
Ломахь малх,
Ас ца гIитторх,
Арабевр бу
Каде нах.
Ас ца лакхарх,
Хийла эшарш
Йекар йу.
Со а хIор а
Iуьйккъехь кхайкха
Декхар йу!
Соьгахьчул а
Шуьгахь онда
Хьекъал ду.
Вовшех кхетахь,
Вай массо а
Декъал ду!

## Лулахой

*(Байташкахь туьйра)*

*Миланина безамца*

Туьйра, туьйра – тамаша.
Бераш, го бай, охьаховша.
Аш ладогIа, маьIна де,
Хезначуьнан ойла йе!

### *Пролог*

### Хьалхара сурт

Зу:
Хаза туьйра хаьий шуна,
Туьйра хаза лаьий шуна?
Лаахь, шуна дуьйцур ду:
Хьалайер йу буьрса хьун!
Терсаш, гIергIаш, йекаш, цIийзаш,
Йоьлхуш, угIуш, дера тийжаш,
Йуьйлалур йу акхарой!
ДIа ма ловчкъа, кхералой.
Тхо ворхI ломал дехьа ду,
ВорхIе хIордал тIехьа ду
Тарсал – диттан хари чохь,
Цхьогал – лаьттах Iуьрга чохь,
БIаьрзе бухIа – бена чохь,
Борз йу угIуш боьра чохь,
Чано хоржу шена ор,
Сайно – сийна бецан мор,
Бердах йоккху хьозан бун…
Тхан массеран цIа ду хьун.

Кегий, йаккхий акхарой
Йу тхо вовшийн лулахой.
Буьйса лам чохь къайлайели,
Iаьржа хьуьнайукъ серлайели!

**Довзийтар**

Зу:
Йу со беса, йу со сира,
МуцIар йу сан йуткъа-ира,
БIаьргаш ду сан сирла-сирла,
КIохцалш ду сан мехал ира!

БухIа:
Дерриг хоьттуш БухIа йу:
«ХIара хIун йу? И хIун йу?»
Ду цундела БухIан хьекъал
Шена диттал, шуна деккъал!

Сай:
Бу со чехка сира сай,
Ду сан болар кура, дайн!
Баахь стоьмаш, сийна буц,
Шун а хир ду оьзда куц.

Пхьагал:
Олу суна: «Лергаш деха!»
Со, массарех кхоьруш, йеха.
Коьллаш йуккъехь хезча тата,
Даго йетта кийрахь вота!!!

Тарсал:
ДIасатоьттуш бецаш, йараш
Гулдо аса горгий бIараш.
Дитта тIера дитта тIе –
Кхочур йу со тIамарш тIе!

ЦIокъ:
Серлонал а маса ду со,
Аьрзунал а маьрша ду со,
Онда ду со, хаза ду со,
Хьаьнцца къовса майра ду со.

Цхьалха талла лела со,
Цхьаммо арданг кхерайо.
Цхьалха доцург хIумма дац сан,
Лаьа суна доттагI лаца!

Хьоза:
Ду со жима мокха хьоза,
Лаьа суна дуьне довза,
ТIемаш даржош, маьрша лела,
Стигал хазъеш, ирсе диэла!
Хьаладаьлла маьлхал лакха,
Шуна зевне эшарш лакха!

Хьоза:
(орцадоккхуш)
ТIема йаьлла йогIу гIера,
Даккха йоллу кхузахь эра!
Уьш вайх цхьаннех йешаш йац,
Цхьанне дех а тешаш йац!
ДIасадовла, гIулкхаш дита,
Долалуш ду эладита!

*Хуьнхара илли:*
Цкъа ца долу
Самукъадолу,
Дикачунна вуон ву олуш.
Собаречунна –
Сиха ву,
Хьекъалечунна –
Іовдал ву,
Лекхачунна –
Лоха ву.

Цкъа ца долу самукъадолу,
Комаьршаниг пис ву олуш.
Хазачунна –
Ирча ву,
Хьуьнаречунна –
КІилло ву,
Оьздачунна –
Осал ву.

ЧІегІагаш:
(Хьозанах лаьцна)
Ирча ду и
ТаьІна-мокха,
Буйннал – жима,
Ханна – доккха…
Лууш дац и бертахь ловза,
Хууш дац и, гІо деш, хьовза.
ХІиттош ду и хаза сурт,
Кегош ду и боккха гІурт!

(Хьоза доьлху)

Сай:
(чIегIагашка)
– Говза йу шу бохо барт!
Зу:
– Йекайеш и шалго бат!

БухIа:
– Дов шу йолчохь маьлхан нур!
ЦIокъ:
– Хьуьнхахь болу девнан кIур!

Хьуьнхарчу цIенна улле гIерта массо.

## ШозлагIа сурт

(керта тIехула чухьуьйсу)
БухIа:
– Гаьн тIе йаьлла, саттош маргIал,
ГIарайаьлла, кхойкху БоргIал!
Хьоза (кхаьрдаш):
– Iуь-Iа-ре-Iу!!! ГIовтта нах!
– Хьалабаьлла дашо малх!
ЧIегIагаш:
– БоргIал тешо гIерта нах:
Ша ца кхайкххахь – бовр бу малх!
Шега хоттий, Iуьйре гIотту…
Бода ша бен дIа ца тотту…
БоргIалан эшар (кхаьрдаш):
«IуьIареIу!!!» Йаьлла карзах!
«Сайчул хаза хир дац барзакъ!
Хьовсал соьга массо нах,
Сол ирча бу дашо малх!»

Тарсал:
– Цуьнан кетар – кIеда, ховха
Йу и хаза, йу и йовха
ЦIокъ:
– Сема лергаш ирдина,
Хьаьрса мекхаш дахдина!
ЧIегIагаш (цицигах лаьцна эладита):
– Лоцуш дац и цхьа а дахка,
Малхехь Iуьллу, дохлуш, аьхка.
Мекхаш шардеш, хьоькху мотт,
ТIаккха доьду тоха йорт!
Сай:
– Дежа бай тIехь чIамар Шинар,
Товш ду хьаьж тIехь кIайдарг хилар.
Зу:
– МаIаш хиларх ца до дов,
Бертахь хилар цуьнгахь тов!
ЧIегIагаш (эсанах лаьцна эладита):
– Хьуна гарх и сарахь, Iуьйра
Даим ду и когаш Iуьйра.
Йоха магац гIабали,
Тилла магац кортали!

(Цхьогал кертах чухьоьжу)
ЧIегIагаш (цхьогал хестадо):
– Товш йу цуьнгахь цIегIа кетар,
Буткъий бIаьргаш, хьаьрса муцIар!
Маса когаш, гIодйукъ, ворта,
Эсала, месала, дашо корта!

БухIа:
– Ду мекарчун хьекъал-хIилла,
Мерза йаа, кIеда Iилла.

Пхьагал:
– Милла Iехо ду и говза,
Бакъдерг харцдеш, аьшпех ловза!
(Цхьогал хьуьнайуккъе дIадоьду)
(Акхарой меллаша тIаьхьаоьху)

**КхозлагIа сурт**

Цхьогал:
– Хьуьнан хотеш теллина,
Массо къайлеш йевзина,
ДогIуш ду со эгадеш,
Сайн къайленаш лечкъайеш.
Сира борз йу хьекъалча,
Цунна тIехулъоьккхуш – ча!
Борз:
– Хилларг дийца, хаам бе.
Шалго мотт хьайн сацабе.
Ча:
– Мичхьа йаьлла тхойша гал,
Дийцал ахьа, хаийтал!!!

Цхьогал:
– Со йорт эцна лелаш дара,
Варшахь-хоршахь толлуш дара.
ЦIеххьаш хези бетташ мохь
Хьуьнайуккъехь, боьра чохь.
Гергадахча, со цецдели,
Ша-шах ши бIаьрг хьетIе бели…

Борз:
– Са ду, цIий ду хьуна гинарг?
Алий дала, уьн тIе дилларг!

Цхьогал:
– Собардейша, сих ма ло,
Тешар дац шу, тӀегулло!
Схьада шиммо бете лерг,
Дуьйцур ду ас цигахь дерг!
Ча:
– Са ду, цӀий ду боьрахь тӀаккха?
Ма гӀерта со чуьрайаккха!
Цхьогал:
– Доьху хьоьга, варийлахь,
Хьайна чохь хьо ӀадъӀелахь!
Дезий шуна эса торгӀал?
Дашал йеза тайна боргӀал?
Дуга кхехкош, кхаьрзина,
Алсам цӀен бурч хьаьрсина?
Борз:
– Цергех оьхуш хиш ду сан,
Ча:
– Бурч ахь дукха ма таса!
Борз:
– ХӀун ю цигахь вайна новкъа?
Кийча йу со и дӀакъовкъо…
Цхьогал:
– Цигахь кхин цхьа экха ду.
Мекхаш, цӀогий тӀе кхин ду.
ХӀунда оллий ахьа цӀом?
Борз:
– Лом-м дац и, цӀоькъа-лом?
Цхьогал:
– Хила магац дуьнен тӀехь
ЦӀогий, мекхаш лоьман бен?
Хьо ма йоха сираниг!
Пису дай и-м, писулиг!

Ча:
– ГІелйелла со, мацйелла,
БоргІалан тІемаш марзделла!
Цхьогал:
– Собарде, уьш Іехо йеза:
Царна хІилла дан вай деза!

### ДоьалгІа сурт

Сай:
– Довр ду махкахь
Эхь-бехк, йахь,
Барзах гІиллакх
Тешадахь.
Барзо хІун до
Дезчу сийх?
Іанадо цо
Нехан цІий.
Бадабо цо
Іахар, жий.
Берзан карахь
Іедал хилахь,
Боьхна барт
И нисбан йолахь,
Махкахь хьекъа
ДІаьвше стом.
Боьрзур бац
Цу махкахь тІом!
Цул кхин дидиш
Ча а йац!
Хьарам-хьанал
Къестош йац!
Хьалхабоккхий

Iовдал ницкъ,
Даа гIерта
Нехан рицкъ!
Дала делла-м
Цхьогал дац.
Цуьнгахь мисхал
Эхь-бехк дац!
Долало и
Доцург хьехо,
Аьшпаш буттуш,
Массо Iехо!

ЧIегIагаш (барзах):
– Йу и акха, йу и буьрса,
И ца кхоьру тоьпах-уьрсах…
Хотеш-коьллаш кегайеш,
Можа бIаьргаш къерзабеш!

**ПхоьалгIа сурт**

(эшарш)
Цхьогал, Борз, Ча:
– Гара мIараш ирйелаш,
Гома кIомсарш кечйелаш!
Йадаелаш, лачкъайелаш
Шайн цIоканаш Iалашйелаш!
Цхьогало ков туху
НIаьна: – Мила ву хьо?
Цхьогал: – Схьахьажахьа!
НIаьна: – Ахь хIу боху?
Цхьогал: – НеI йеллахьа!
НIаьна: – Хьайна оьшург ала схьа?
Цхьогал: – Со гIелделла кхузахь Iан…
Мерза кхача хIотто шуна,

Шу чукхайкха лаьа тхуна!
Борз:
– Синкъерам а хIоттор бу,
– Хьуьнан эшарш лоькхур йу…
Ча:
– Лаьа шуьца зама йаккха,
– ДоттагIий вай хир ду тIаккха!
НIаьна (Цициг, Шинара):
– Акхароша кхайкхина,
Тешнабехк а кечбина…
Аса хьаьнга орца ала?
Йелла йала со, йелла йала!
Цхьогал (Борз, Ча):
– Ойла йе ахь,
Жоп лой йала,
Хьан ницкъ бац
Сан багара йала…
НIаьна (Цициг, Шинара):
– Шу ма чIогIа майрайевлла,
Маьттазйевлла,
Эвхьазйевлла!

Шелйелларг йохйан ца дуьту аш!
Йохйелларг йаа ца дуьту аш!
Ижуна цициго деъна цхьогал,
Чомахь дIакхалла ца дуьту аш!
Цициг:
– Ижуна шинаро кхаьрзина борз,
Йиъна довллалц ца дуьту аш!!!
Шинара:
– Талла йахча, тхан нIаьно йеъна,
Нана-ча кхехко ца дуьту аш!

Акхарой цецйевлла, вовшашка хьоьжу.

Цхьогал (Борз, Ча):
– Шуьца марзо чIогIа йеза,
Вошаллина ду тхо реза.
Вай вовшийн ма деза лера,
Аш ма чIогIа ди тхо кхера!

Барзо цхьогале:
– Уьн тIе дилларг!
ХIун ду хилларг?
Мила ву цигахь
Коьртах тилларг!
Цхьогал:
– Ой, ца хеза хьуна
Аьрзнаш!
Цара цигахь
Йина гарзанаш!
Борз:
– Йинехь, йуур
Йу-кх вай!
Цхьогал:
– Уьш-м цхьогалх
Йина йай!
Ас сайн дахар
Мехала лоьру,
Иштта доттагIех
Со кхоьру!
Ча:
– Уьн тIе йилларг!
ХIун ду хилларг?
Мила ву цигахь

Коьртах тилларг!
Борз:
– Ой, ца хеза хьуна
Кхаьънаш!
Цара цигахь
Йина далнаш!
Ча:
– Йинехь, йуур
Йу-кх вай!
Борз:
– Уьш-м барзах
Йина йай!
Ас сайн дахар
Мехала лоьру,
Ишттa доттагIех
Со кхоьру!

**ЙалхалгIа сурт**

ЧIегIагаш (ча хестайо):
– Чанехь шортта
Собар ду,
Собар хилар
Хьекъал ду,
Хьекъал хилча,
Йехар йу,
Йехаш хилча,
Лорур йу!
Зу:
– Хьуьнхахь гIовгIа иккхича,
Сай:
– Хотеш кего йолийча,
ЦIокъ:
– ЦIоькъо лергаш ирдича,

Тарсал:
– Дийладелча,
Пхьагал:
– Дилхича,
Хьоза:
– Мохо гаьннаш ластийча,
БухIа:
– ОьгIазйоьду дера Ча!
Массара а цхьаьна:
– Хьерайолу дера Ча!

Цхьогаллий, Борззий (Чане):
– ХIара дуьне гатделла!
МостагIий вайн дарбелла,
Вай хIаллакдан кечбелла,
Довла меттиг къийелла!!!
Цхьогал:
Аса чIерий дуккхо диъна –
Вай дан дезарг суна хиъна:
Цкъа ги тоххал оьшу бол –
Жижиг, хьажкIаш, кIеззиг йол…
ТIаккха вай кху балех довлу!
КIелхьардовлу, паргIатдовлу!

**ВорхIалгIа сурт**

Борз:
– ХIара жижиг сайниг дац,
Суна иза доьгIна дац…
Дуур дара дилха бордах,
Амма йиш йац цунах пхьор дан!

Цхьогал:
– ХIунда гIерта декъах къаста?

Борз:
– Деза буьрса цициг хьаста!

Цхьогал:
– Тикаш-микаш, гулйе кегаш!
ДIаса ма вала, накъост, цигаш!!
ХьаьжкIаш йуу боргIало,
Шайерг цунна ас дIало.
ХIетте иза йусаелла,
ХIун ца тайна, тусаделла?

Ча:
– ГIодмийн такхор хIоттор бу ас,
Гуш хилийта геннара.
ТIаккха резахила мега
Черчий йуу шинара!
(совгIаташ охьадохку)

Борз:
– Кхойкхуш ду-те кадаме?
Вай, хьо ма да адаме!
ХIун хир ду-те?
Лачкъа деза
ГIодмаш йуккъе…
Берзан кIеза!

Цхьогал:
– Уггар къайлехь цхьогал хир ду –
ЦIока хилла кхозалур ду!

Ча:
– Со ма хьерайала йоллу,
Ор ца карош къайлайала!

Делахь хIета, со а йоллу,
Дитта буьххье хьалайала!
(акхарой дIалевчкъа)

**БорхIалгIа сурт**

БоргIал:
– ХIей, схьагулло!
Текха улло!
Охьаховша
Декхалой,
Дуур ду вай
Мерза той!
Шинара:
– Иштта тойнна ду со реза…
Иштта массо ваха веза!
Дууш, молуш, олуш дош,
Кициг:
– КIайчу мекхех хьокхуш пхьош,
ХIара гIуллакх деза ахка!
ГIодмаш йукъе иккхи дахка!
Баккха беза къена нитт,
Ас дулур ду цуьнан кит!

ХьаьжкIаш йукъаиккхинчу Барзана тIекхета

Борз:
– Ададай! Вададай!
Собар кхачий, синтем байн!

Ча:
– Ой, сан муцIар, ой сан ворта!
Сийна цIарах богу корта!

Цхьогал:
– Орца дала, орца дала!
ТIемаш лойша стигал дала!

Борз:
– Вай, цIе летта догу дог!
Стенга беди сан ши ког!

Цхьогал:
– Сан голаш хьан тIадийна?
Дигийша со дадийна!

Акхарой, бIарзйелла, дIасауьду, цIогIанаш детта.

Ча:
– Алалай, валалай!
Диттах кхетта бIаьрса дай!

Борз:
– Доккха дуьне гатделла,
Йала меттиг къийелла!

Цхьогал:
– Коьртехь гIовгIа, лергахь потт.
Соцуш лаьтта багахь мотт!

Борз:
– Дийна йу со, йелла йу со?
Кешнийн охIлахь Iуьллуш йу хьо!

Ча:
– Ой, дIайала, йуьстахйала,
Сан букъ тIера охьайала!

БоргIал:
– Бухахь борз, тIехула – сай!
Ма эхь ду и, Iалелай!

Ча:
– ХIай, дIайалахь къийзориг!
Борз:
– Хьо йу-кх и Iийжориг!

Iахар:
– Схьайоьл, гаур, сира борз,
Ас бийр бу хьох горга хIоз!
Хьоьгахь хиларх Iовдал ницкъ,
Лечкъор дац ахь нехан рицкъ!

Шинара:
– Миччанхьа хьо иккхича,
Йер йац уьрсах нана-ча!
Хьо ас цIокех йоккхур йу,
Хьо мел стаг йу хьожур йу!

БоргIал:
– Мара экккхал мекарниг,
Хьо ду уггар гергарниг!
Хьо ма ида, хьо ма къехка,
Лууш йу со хьо дIадехка!

**ИссалгIа сурт**

ЧIегIагаш

Хьалхара чIегIаг:
– Лаа олуш дац вайн дайша:
Кура хила мегар дац.

Ойла йоцуш дина хIума,
ГIайгIа йоцуш, доьрзур дац!

ШолгIа чIегIаг:
– Iовдалчун куьйгашца
Лоцуш бу лаьхьа.
И бакъдерг диц ма де,
Сан доттагI, ахьа!

КхоалгIа чIегIаг:
– ЦIе-м дIайайъи,
Алу йай!
ХIинца кIуьрна
ХIун до вай!

Борз:
– Кхузахь IадIар
Хьекъал ду:
Цхьа дош кIезиг,
Шиъ сов ду.

Цхьогал:
– Собарде!
Сих ма ло!
Барт!

Борз:
– Дашо хила
Хьан и бат!

Ча:
– Вай вовшашца
Даха деза,

Массаьрга а
Кхийдош безам!

Шинара:
– ТIаьхьарчу тIаьхьенна,
Сан доттагI, хаа ду:
БIе доттагI кIезиг ву,
Цхьа мостагI дукха ву.

БоргIал:
– ГIиллакх лоруш, аьлларг
Шена карор ду:
Бертахь, мерза дахар
Хаза гIиллакх ду!

Тарсал:
– Хилла, йа ца хилла
Майралла йа хIилла?
Диканехь вай гойла,
Iодика шун йойла!

## Дашо латта

*(Мультфильман сценари)*

Зингат ду доьлхуш. Гобаьккхина йуькъа хьун йу, тамашийна, кхераме гІовгІанаш, маьхьарий, аьзнаш ду. Зинтаг мохь тоьхна доьлхуш ду.

Цунна тІехула хьийзаш йолчу зІугано, масийтта го боккхий, лакхара чу хоьтту зингате:

–Хьуна хІун хилла? Хьо хІунда доьлхуш ду?

– Со дайна.

Бен чохь йолчу нана-зІугано хоьтту шен кІанте зІугане:

– Стенна доьлхуш ду и зингат? ХІун хилла боху цо?

– Ша дайна боху.

– Муха дайна? Дайча, гуш ма ца хуьлу! Ткъа и дІо-о гуш ду. ХІа-а-а, тиладелла хир ду хьуна и!

ЗІугано боху зингате:

– Ма делха, хьо дан ма ца дайна, хьо тиладелла!

– Дайна, дайна! Ца дайнехьара тхан цІено а, нана а хир йара кхузахь.

Нана-зІугано боху:

– Дайнарг хьо дац, хьан нана йу! Доккха хІума ду-кх и, шен бер-тІорза мичахь ду ца хууш, нана паргІатйаьлла дІайижайалар. ЧІеро, Іов санна, шайн бераш, кхуьссий дІа а дохуьйтий, паргІатбовлу-кх хІорш!

*ЗІуганийн йиш:*

Жима зингат
Доьлхуш ду,
Динчу нене
Кхойкхуш ду.

Бохам хилла,
Зулам хилла.
Жима зингат
Некъах тилла.
Муха хилла,
Маца хилла?
Цуьнан бІаьргаш
Мичахь хилла?
Іалелай, Іалелай,
Зингат новкъа
Даккхий вай!

Зингат:

– Со кхоьру.

– Стенах кхоьру хьо?

– Хьо зІуга ма йу, йуй?

– Йу. Хилча хІун ду со зІуга?

– ХІара йу хьан йац?

– Аса кегийчарна йу ма ца туху,
Цара со, пІелгаш ца Іуьттуш, Іадйитича.

– Суна цІа даха лаьа!

– Хьо мичахь Іаш ду ма ца хаьа вайна, дийцал хІун дара шу долчохь?

– Шортта кІен буьртигаш, чемхалгаш дара, хьуьнцІазамаш, мангал-комарш йара, лам бара, чхьаьвригаш, цаьпцалгаш йара, массо хІума деши йара, нана йара.

– Иштта дийцарх хуур ма дац хьо мичахь Іийна. Кхузахь ду и-м хьуьнцІазамаш, чемхалгаш, лаьмнаш…

– Нана ма йац кхузахь.

Нана-зІуга:

– Хир йац, дера, нана, хьо, тишъелла мача санна, дІа а кхоьссина, Іаш йолу!

Со хир йу-кх хьан нана.

– ХIан-хIа, хьо ненах тера йац, тхан ненан, хьан санна, йу ма йац!

– Со, кхин дан хIума доцуш санна, тIех мел волучунна йунаш йетташ Iаш йу-м ца моьтту хьуна? Цхьаммо вуон ца дича ас цунна йу ма ца туху.

*Зингатан йиш:*

Вешин метта,
Ваша вер ву.
Йишин метта,
Йиша йер йу.
Цхьа къахетарг
Орцахваьлла,
Ден метта
Верас вер ву.
Нана цхьаммо
Хуьйцур йац,
Нана цхьаъ бен
Хуьлуш йац.

Хаза эшар хезий, тIегулло чхьаьвригаш, чуьркаш, мозий, цаьпцалгаш, чилланаш, горанаш, аьнгалхеш, къийзоргаш, нIаьний, цIоз!

Гулбеллачара тIараш детташ, маьхьарий хеза:

– Хаза йиш йара, дика лекхира. Кхин лакхахьа, кхин лакхахьа!

БIаьргах куьзганаш а, тIома кIелахь кехаташ а долуш болчу накхармозано, гулбеллачарна тIехула масех гуо боккхий, охьахаа меттиг лоьху. И шайна улло мел богIу, вуьш къехка, цуьнан йунах кхоьруш.

– Схьадоьл, зингат, алал соьга, хьо муха кхаьчна кхуза?

– Со дургал такхийна догIуш, цIеххьана мох белира, чан гIаьттира.

Дерриг дуьне Iаржделира, мохо, хьалаайъина, зезагашна тIехула дадийна, со кхуза охьакхоьссира.

–ТIаккха-м хала доцург ду хьо Iийна мохк карор!

– Муха?

Шегарчу тептаршна тIехь цхьацца хIума лаха а лохий:

–Хьан когашна тIера чан стенах лаьтташ йу хьаьжча, хуур ду-кх иштта латта долу мохк мичахь бу. Схьагулйел и чан.

Кегий накхарш тIекхойкхий, цаьрга олу:

– ХIара тайпа латта долу мохк мичахь бу хьовса. Цо схьадийцарехь, вайна моз лахьо зезагаш долуш шортта меттиг хир йу цигахь.

Масех накхармоза новкъа болу.

*Накхармозийн йиш:*

Дуьне доккха,
Хаза ду,
Гонах даьлла
Заза ду.
Винчу лаьттан
ХIор а зезаг
Лардан деза!

ПетIаматаш
Лесташ ду,
Йовха бIаьсте
Хестош ду.

Винчу лаьттан
ХIор а зезаг
Лардан деза!

ХIор а дийнахь
Керла мохк,
Бен дац хиларх
ДогIа, дохк.
Вайна доьлу
Массо зезаг
Лардан деза!

Нана-накхармоза:

– Кхин мила ву вайн аренца лелла, гена мехкашкахь хилла?

Неца:

– Со хилла-кх…

– Мичахь хилла хIинца хьо?

– Кхузахь мел болчийн генна дIадехкинчу тIорказашна чохь хилла-кх!

– ХIай дадала хьан, неца! Хьоьга тIорказаш ца дуьйцу, кхечу пачхьалкхийн ца девзаш долу латтанаш дуьйцу, тентаг!

НIаьна:

– Со а хилла маIаш йолчу акхаройн кхаьллеш гулйечу меттехь!

Нана-зIуга:

– Эхь ца хетий хьуна кхузахь кхаьллеш йийца! Боьха хьожа йаьккхи-кх цо, оьзда доцу дош аьлла!

Нана-зIуга:

– ЦIоз ду дуьне мел ду даьлла лелаш. Цо идоза некъаш дац, и хилаза мехкаш дац. Дийцал, цIоз, хьо хиллий зингато дуьйцучу латтанашкахь?

ЦIоз:

– Йуха а ладогIа лаьара суна зингате. Довзийтахьа шайн махкахь бехачийн гIиллакхаш.

Зингат:

– Тхан махкахь массо хIума: бецаш, зезагаш, дитташ дашо йу.

Массара, ца тешаш, йуха а хоьтту:

– Массо хIумий?

Зингат:

– Дера йу. Суна хIор буса гIенах го уьш

– Ахьа дийцарехь-м, шу долчуьра баьллаш, туьтеш санна, коча охка мегар ма йу!

Зингат:

– Йу уьш-м.

*Зингатан илли:*

Хьоме латта,
Бецаш сийна,
Ненан йуьхь тIехь
Догу нур.
Стигла кхийда
Лаьмнаш тийна:
Даг чохь лаьтта
Хьоме сурт.

Аш латийна
Даг чохь суй,
Шу ца дицдан
Буу дуй!

Гена махкахь
Лелаш тилла,

Самадолу
Дашо гІан.
Йека лерехь,
Илли хилла,
Ас сайн махкахь
Йаьхьна хан!

Аш латийна
Даг чохь суй,
Шу ца дицдан
Буу дуй!

Хийра махкахь
Іалур доцуш,
Нене кхойкхуш,
Догу дог!
Ван йиш йац хьан,
Лар а йоцуш,
Бохуш, кхойкху
Вина мохк.

Ахь латийна
Даг чохь суй,
Хьо ца бицбан
Буу дуй!

ЦІоз:

– Хьайн гергарчарех лаьцна дийцахьа.

Зингат:

– Ненас туьйра дуьйцура суна, жаІунна кІант вича, зингатна хазахета, олий.

ЦІоз:

– ХІунда?

Зингат:

– Ас а хоттура нене, хIунда олий? ТIаккха цо суна жоп лора, кIант воккха хир ву, дас и жиэ вохуьйтур ву. ТIаккха и, мацвелла, делкъанна хIума кхалла охьахуур ву. Ша хIума кхоллуш, цо шортта цуьргаш даржор ду. Царах зингатана дийнна шарахь даъал рицкъа хир ду.

Йоккха гIовгIа йоккхуш, схьакхочу зингато буьйцу мохк лаха дахана хилла накхарш:

– Цо буьйцу мохк хIокху дуьнен тIехь бац. Малхана хье кхеккачу, даим шаш Iохкучу мехкашкахула чекхдевли тхо… Бер дайна лелаш, цхьа нана-зингат гира тхуна, амма оцу цIормаIано дуьйцу туьйране латта цхьанхьа а дац!

Гучудолу Нана-зингат:

– Ватта, сан хьоме кIорни дац и? Дуьненна кхузза го баккхийти-кх ахь, хьо лоьхуш.

– Нанина карий со! Хьовсал, мел хаза йу сан нана! Хьовсал, цуьнан дашочу коьрте. Суна хаьара, нанна со карор дуй!

– Хьоьга ладоьгIуш Iаш йара со, ахь вайн мохк буьйцуш. Ду, вайн латта деши. Вайн мохк бу шуна туьйране мохк! ХIор денна кхузахь дехаш долу дела, вай тергал ца йо и хазалла! Иштта аьхна, ховха, тайна кхечу мехкашкахь ду моьтту вайна! Дац шуна. Цхьадолчохь гIамарш йу, кхечанхьа уьшалш йу, даим догIуш ло ду. Нийса аьлла сан кIанта шуьга вайн махкахь массо хIума дашо йу. Хьовсал шу гонаха! Бакъ ма ду и! Бакълоьй со, бераш?

*Массара цхьаьна илли олу:*

Нохчийн латта,
Нохчийн мохк,

Даг чохь дека
Илли курра.
Бу хьан кІентий
Хьоьца токх,
Эшайеш мел
Шийла гІура!
Нохчийн иллин
Мукъам бу,
Дашо тІемаш
Уьйъуш шуьйра.
И вайн нанойн
Узам бу,
Ду бераллин
Сирла туьйра.
Хийра махкахь
Боккху ког,
Эха дезарх
Новкъа вехха,
Нохчийн аре,
Нохчийн дог,
Ду шу тхуна
Дешин мехха!..

# ЧУЛАЦАМ

*Берийн дуьне девзаш волу поэт* ....................3
Нохчийчоь! ....................6
Кхайкха соьга ....................8
Сан Нохчийчоь ....................9
Даймохк ....................10
Ден дош ....................11
Къонахчун цIе ....................13
БIаьргаш боьлху ....................15
Даймохк ....................16
Дохковалар ....................17
Майралла ....................18
Некъ дика белахь ....................19
Дуьне доккха ду ....................20
Хьоме латта ....................21
Сийна туьйра ....................23
Сих ма ло ....................24
Сатийсам ....................25
Даймохк ....................27
СовгIат ....................29
Дуьне доьлу ....................30
Дикачу йоIе ....................31
Ненах дош ....................33
Даго зазадоккху ....................34
Гуьйре ....................35
Нохчийн лом ....................37
Дада вогIу ....................39
«Борз йехкинчу буса винарг...» ....................40
Горга дуьне ....................41
Тамашийна барт ....................42
Атта буу дуй ....................43
Аьхка ....................44
Аргун-гIала ....................45
Ойла луьстуш ....................47
Марша ба Iаьнан мур ....................49

Аьхке ....................50
Велакъажар ....................51
Нана цхьаммо хуьйцур йац ....................52
Вон дош ....................54
Дашо кIажар ....................55
Гуьйре ....................56
Зезаг ....................57
Зезаг ....................58
КIант ....................59
Латабе малх ....................60
КIанте Ахьмаде ....................61
Керла шо ....................63
«Когаша шарбинчу новкъа ма вала...» ....................65
Курадовлалаш ....................66
Къайле ....................67
Ма йе гIовгIа ....................68
ТIом ....................69
Маьлхан хьоза ....................70
Мехкан зезаг ....................71
Нана лойша ....................72
Ненах илли ....................73
Ненан аз ....................74
Ненан куьг ....................75
Сан дог ....................76
Лаьа суна ....................77
Цхьа вац гонах ....................78
Хожа-Ахьмаде ....................79
«Стигал хаза...» ....................80
ТIаьххьара горгали! ....................81
«– ХIай, кхокхан кIорни, хьо тIемайаьлла...» ....................82
Хиндерг ....................83
Хьоза, хьоза… ....................84
ТIаьххьара горгали ....................85
Хьуна – хьекъал, суна – хьекъал! ....................87
Шира шо ....................88
Лом ....................89

Хьоза ....................................................................................90
Берийн ирс ............................................................................91
«Ала догІу Ахьмаде...» ...........................................................93
«Мохехь месаш ловзайеш...» ....................................................94
ПІелгийн дов ..........................................................................95
Полла .....................................................................................98
Пхьид .....................................................................................99
Керла ло ...............................................................................100
Берийн забарш ......................................................................101
«БІаьсте йаьлча...» ................................................................104
Іаьнан туьйра ........................................................................105
Бекъа ....................................................................................107
Аьхка арахь ..........................................................................108
Ас ча лаьцна .........................................................................109
СтелаІад ...............................................................................110
ЭтмаьІиг ...............................................................................111
Стелахаьштиг .......................................................................112
Вакъар-викъар .......................................................................113
Вота ......................................................................................114
ГІо .........................................................................................115
Цхьаьна йоьлу .......................................................................116
Мукадахка ............................................................................117
Зингат ...................................................................................119
Мерза барт ............................................................................120
Меца БІотІа ..........................................................................121
Цициг ...................................................................................122
Моз .......................................................................................123
«Нанас доьху...» ....................................................................124
«Нанас туьйра дуьйцу...» .......................................................125
Цициггий, шурий ..................................................................126
Мотт хьайна хаахь... ..............................................................127
ХІетал-металш ......................................................................130
НІаьна-кІорни *(туьйра)* ..........................................................132
Лулахой *(байташкахь туьйра)* ..............................................144
Дашо латта *(мультфильман сценари)* ..................................164

Хатуев Абдулхамид Арбиевич

**ДЕТСКОЕ СЧАСТЬЕ**

*(на чеченском языке)*

Редактор – *Муса Арсанукаев*
Дизайн и верстка – *Амина Хасиева*

Подписано в печать 28.12.2022. Формат 84x108 1/32.
Бумага офсетная. Тираж 500 экз.

Отпечатано в АО «ИПК «Грозненский рабочий»,
г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, д. 12/35